O`zbekstan Respublikası Xalıq ta`limi Ministirligi

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı

Ta`biyattanıw ha`m geografiya fakul`teti

«Geografiya ha`m ekonomikalıq bilim tiykarları» kafedrası

«Geografiya ha`m ekonomikalıq bilim tiykarları» qa`nigeliginin`
4 «a» kurs studenti

**SEYDULLAEVA ROZA**

« AWIL XOJALIG'INDA FERMER XOJALIQLARININ' JER H'A'M SUW POTENTSIALINAN NA'TIYJELI PAYDALANIWDIN' HA'ZIRGI JAG'DAYI »

temasındag`ı bakalavr

# *PİTKERİW QA`NİYGELİK JUMISI*

İlimiy basshı: dots. e.i.k.Torebekov A.

Kafedra baslıg`ı: dots. p.i.k.Gaypova R.

No`kis –2014

Mazmunı:

Kirisiw ____________________________________________________3

I-Bap. BAZAR EKONOMIKASI SHA’RAYATINDA AWIL XOJALIG’INDA FERMER XOJALIQLARIN RAWAJLANDIRIW PERSPEKTIVALARI

1.1 Bazar ekonomikası sha’rayatında awıl xojalıg’ında fermer xojalıqların rawajlandırıw perspektivaları__________________________________________7

1.2 Awılda xalıqtın’ miynet ba’ntligi h’a’m sotsiallıq qorg’aw mashqalalarının’ sheshiliwinde fermer xojalıqlarının’ a’h’miyeti __________28

II-Bap. Awil xojalig’inda institutsional reformalardin’ sho’lkemlestiriw, h’uqiqiy h’a’m ekonomikaliq mexanizmlerin jetilistiriw

2.1 Fermer xojalıqlarında jer h’a’m suw potentsialınan na’tiyjeli paydalanıwdın’ h’a’zirgi jag’dayı____________________________________39

2.2 Fermer xojalıqların rawajlandırıwda bazar infrastruktura subektlerinin’ ornı h’a’m a’h’miyeti ______________________________________________50

Juwmaqlaw_____________________________________________________63

Paydalanılg’an a’debiyatlar_____________________________________66

# Kirisiw

***Temanın' aktuallıg'ı.*** O'zbekstan Respublikasının' g'a'rezsiz dep dag'azalanıwı rawajlang'an ma'mleketler awıl xojalıg'ındag'ı aldag'ı texnologiya h'a`m ta`jiriybelerdi teren'irek u'yreniw ja`ne de a`meliyatqa endiriw imkaniyatların jarattı. Respublikamız basshısının' shıg'ıp so'ylewlerinde fermer xojalıqların rawajlandırıw arqalı awıl mashqalaların sheshiwge prioritetlik belgilenip, g'alaba xabar qurallarında rawajlang'an ma'mleketler awıl xojalıg'ı h'a'm fermer xojalıqları tuwrısında maqalalar basıp shıg'arıla baslandı.

Respublikamız awıl xojalıg'ında baslang'an ekonomikalıq reformalar protsessinde tarmaq o'ndirisinde quramlıq o'zgerislerdi a'melge asırıw; ma'mleket mu'lkin ma'mleket iyeliginen shıg'arıw arqalı h'a'r qıylı mu'lkshilik h'a'm xojalıq ju'rgiziw formaların ten' sha'rayatta xızmet ko'rsetiwdin' h'uqıqıy, ekonomikalıq h'a'm sho'lkemlestiriw mexanizmlerin jaratıw; agroservis xızmeti sistemasın rawajlandırıw; xojalıq, tayarlaw, qayta islew sho'lkemleri h'a'm materiallıq-texnikalıq ta'miynatı ka'rxanaları, finans-ekonomika-bank ma'kemeleri ja'ne de basqa xızmet ko'rsetiwshi ka'rxanalar ortasında o'z-ara sha'rtnama qatnasıqların jetilistiriwge itibar berildi. 1990 jıllardın' aqırlarına kelip, h'a'r qıylı xojalıq ju'rgiziw formaları arasınan shirket, fermer h'a'm diyxan xojalıqları perspektivalı dep tan'lap alıng'an bolsa, 2002 jıllardan baslap usı xojalıq ju'rgiziw formaları arasında fermer xojalıqları awılda mu'lkdarlar klassın qa'liplestiriw h'a'm bap potentsialdan na'tiyjeli paydalanıwdı ta'miynlewdegi abzallıqları menen ajıralıp turmaqta. 2011 jıl juwmag'ına ko're jalpı awıl xojalıg'ı o'niminde fermer xojalıqlarının' u'lesi 18,6

protsentti, egin maydanları quramında bolsa 47,7 protsentti qurap, olardın' statusı bekkemlenip barmaqta.

O'tken da'wir ishinde fermer xojalıqları xızmetinin' analizleri ma'mleketimizde awıl xojalıg'ın perspektivalı bag'darları h'a'm tarmaqtı rawajlandırıw strategiyası tuwrı belgilengenligin ko'rsetpekte. Respublika Prezidenti İ.A. Karimov atap o'tkenindey: «Awıl xojalıg'ı o'ndirisin sho'lkemlestiriw sisteması tu'pten o'zgermekte, fermerlik awılda xojalıq ju'rgiziwdin' en' perspektivalı h'a'm na'tiyjeli forması sıpatında jetekshi orındı iyelemekte».

***İzertlew maqseti.*** İzertlewdin` tiykarg`ı maqseti bazar ekonomikasına o`tiw sha`rayatında fermer xojalıqlarının` xızmetin ja`ne de rawajlandırıwg`a qaratılg`an ilimiy tiykarlang`an talap ha`m a`meliy usınıslar islep shıg`ıwdan ibarat.

***İzertlew obekti.*** İzertlewdin` obekti qılıp Qaraqalpaqstan Respublikası xızmet ko`rsetip atırg`an fermer xojalıqları alıng`an.

# I-Bap. BAZAR EKONOMIKASI SHA’RAYATINDA AWIL XOJALIG’INDA FERMER XOJALIQLARIN RAWAJLANDIRIW PERSPEKTIVALARI

## 1.1 Bazar ekonomikası sha’rayatında awıl xojalıg’ında fermer xojalıqların rawajlandırıw perspektivaları

Bazar qatnasıqlarına o`tiw ekonomikanı erkinlestiriwdi talap qıladı. Lekin usı menen birgelikte erkinlestiriw degeni pu`tkilley qadag`alawsızlıq degeni emes. Ma`mleket ba`rqulla muwapıqlastırıwdın` ma`lim bir jaqların o`z qolında uslap turıwı kerek.

Ekonomikanın` basqarılıwı bazar mexanizmi arqalı o`z-o`zinen basqarıw menen a`melge asırıladı. Lekin bazar ekonomikası ba`rshe mashqalalardı o`z-o`zinen sheshe almag`anlıg`ı sebepli olardın` bazı birlerin ma`mleket sheshedi. Tap usınday bazar mexanizmi agrar tarawda da ha`mme ma`selelerdi sheshe almaydı. Basqasha qılıp aytqanda, ekonomikanın` agrar sektorı bazar sha`rayatında ayrıqsha orın tutadı ha`m ma`mleket ta`repinen qollap-quwatlanbastan turıp tarawlar ara ba`sekige shıdam bere almaydı. Awıl xojalıq tarawın, sonın` ishinde, diyxan-fermer xojalıqların da o`z-o`zinen basqarıw menen turaqlılıqqa erisedi dep oylaw natuwrı boladı. Ulıwma alg`anda, ma`mlekettin` ekonomikasın muwapıqlastırıwdag`ı wazıypaları tuwrısında alımlar ha`r tu`rli pikirde boladı.

K. Makkonnell, S. Bryu ma`mlekettin` ekonomikalıq wazıypaların to`mendegishe belgileydi birinshiden, sistema wazıypalarının` na`tiyjesin ta`miyinlewshi huqıqıy tiykardı ha`m sotsiallıq ortalıqtı jaratıw, ekinshiden, ba`sekini qorg`aw, u`shinshiden, da`ramat ha`m baylıqlardı qayta bo`listiriw,

to`rtinshiden milliy o`nim quramın o`zgerttiriw maqsetinde resurslar bo`listiriliwine du`zetiwler kiritiw, besinshiden, ekonomikanı turaqlastırıwg`a itibardı tartıw.

Bul pikir bazardı ma`mleket ta`repinen basqarıwdın` za`ru`rligin atap o`tiwshi ko`pshilik alımlardın` pikirine ko`re sa`ykes keledi. Sonın` ushın da pikirdi agrar ekonomikag`a qarag`anda tiykar qılıp alıp, bul tarawdın` o`zine ta`n qa`siyetleri menen sa`ykeslestirgen ha`m teren`lestirgen halda ma`mlekettin` ekonomikalıq wazıypaların belgilew mu`mkin.

Joqarıda atları tilge alıng`an faktorlar ma`mlekettin` agrar tarawdag`ı wazıypaların diyxan-fermer xojalıqlar mashqalaları menen baylag`an. Olardın` pikirinshe, awıl xojalıq o`nimlerin islep shıg`arıw qa`rejetleri, diyxan-fermerlerdin` resurslar satıp alıwda qolaysız sha`rayatta qalg`anlıqları, bazardın` hu`kimranlıg`ı olarg`a ma`mleket ta`repinen ja`rdem beriw za`ru`rligine alıp keledi.

P. Samuelson AQShta ma`mlekettin` awıl xojalıg`ına ja`rdemi: birinshiden, awıl xojalıg`ı o`nimlerine bolg`an talaptı o`zgerttiriwden ha`m haqıyqıy qa`rejetlerdi kemeyttiriwden, ekinshiden, bahalarg`a unamlı ta`sir qılıwshı ilajlardı qollawdan, u`shinshiden, subsidiyalar beriwden, to`rtinshiden, bahalardı ko`teriw maqsetinde jer maydanların qısqarttırıwg`a qaratılg`an da`stu`rlerdi qollawdan, besinshiden, fermerlerge tuwrıdan-tuwrı ja`rdem beriwden ibarat bolıwın atap o`tedi. Biraq, onın` pikirinshe, ma`mlekettin` ja`rdemin anıqlaw, yag`nıy tuwrıdan-tuwrı ja`rdem beriw, awıl xojalıg`ında ba`nt bolg`anlardın` kvalifikatsiyasın o`zgerttiriw tiykarında is penen ba`ntlikti tola ta`miyinlew,

transport qa`rejetlerin qaplaw ushın subsidiyalar ajıratıwdı izbe-iz ta`miyinlew lazım.

O`zbekstan Respublikasının` ha`zirgi da`wirdegi ekonomikalıq wazıypaları, a`lbette, bazar ekonomikasına o`tiw menen baylanıslı bolıp, olar ju`da` ko`p qırralı bolıp tabıladı. Biraq, en` za`ru`ri agrar islep shıg`arıw turaqlıg`ın ta`miyinlew ha`m o`siw su`wretlerin tezletiw arqalı awıl xalqının` turmıs da`rejesin ko`teriw bolıp tabıladı. Prezidentimiz İ. A. Karimov aytqanınday, "maqset – awıl xojalıq tarawında islep shıg`arıw na`tiyjeliligin keskin asırıw, awılda jasap atırg`an xalqımızdın` turmıs da`rejesin ko`teriw, olar ushın mu`na`sip sha`rt-sha`rayatlardı jaratıwdan ibarat bolıwı kerek."

AQSh ha`m basqa rawajlang`an ma`mleketlerde tiykarg`ı awıl xojalıq o`nimleri islep shıg`arıwshılar fermerler esaplanıp, olardın` mashqalaların sheshiw arqalı tikkeley pu`tkil awıl xojalıg`ına ta`sir o`tkizilgen. Bizin` sha`rayatta bolsa diyxan xojalıqları azıq-awqat o`nimleri jetistiriwde za`ru`r orındı iyeleydi. Diyxan-fermer xojalıqlarındag`ı turaqlılıq ma`mleketimiz sotsiallıq ha`m siyasiy turmısına tikkeley ta`sir ko`rsetedi.

Joqarıda atap o`tilgenindey, ma`mlekettin` wazıypalarınan biri diyxan-fermer xojalıqları normal xızmet ko`rsetiwi ushın huqıqıy, sho`lkemlestiriw-ekonomikalıq tiykarlardı ha`m sotsiallıq ortalıqtı jaratıwdan ibarat. Bul barada ma`mleketimizde qatar ma`seleler sheshilgen. Aldın-ala, O`zbekstan Respublikası Konstitutsiyasında ha`m qabıl qılıng`an basqa qatar nızamlarda ("Diyxan xojalıqları tuwrısında"g`ı, "Fermer xojalıqları tuwrısında"g`ı, "Jer kodeksi", "Salıq kodeksi" ha`m basqalar) diyxan-fermer xojalıqları xızmeti ushın sho`lkemlestiriw-ekonomikalıq ha`m huqıqıy tiykarlar jaratılg`an. Bunnan tısqarı qabıl qılınıp atırg`an Prezident pa`rmanları, Ministrler Kabinetinin`

qararları da diyxan-fermer xojalıqların rawajlandırıw ushın kerekli sha`rt-sha`rayatlardı jaratpaqta. Endi wazıypa usı nızamlar, pa`rmanlar, qararlardın` a`meldegi atqarıwın tola ta`miyinlewden ibarat. Qabıl qılıng`an nızamlardın` a`meldegi atqarılıwı jaylardag`ı jergilikli ha`kimiyat organları islerindegi kemshilikler, tap usı buwında elege shekem dawam etip kelip atırg`an byurokratizm, is ju`ritiwdegi ha`r qıylı tosqınlıqlar ha`m basqa ju`da` ko`plep unamsız illetlerdin` kemeymey atırg`anlıg`ı sebebinen tola a`melge aspay kelmekte.

"Diyxan xojalıqları tuwrısında"g`ı, "Fermer xojalıqları tuwrısında"g`ı nızamlar ma`mleket awıl xojalıq o`nimleri jetistiriw ha`m onı realizatsiya qılıw menen shug`ıllanıwshı diyxan-fermer xojalıqlarının` huqıqlarına a`mel qılıwın ha`m nızamlıq ma`pleri a`mel qılınıwın kepillik beredi dep belgilep qoyılg`an. Nızamg`a muwapıq ma`mleket organları diyxan-fermer xojalıqlarının` rawajlanıwına ha`m bekkemleniwine ko`meklesiwi lazım.

Nızamda Respublika ha`m jergilikli atqarıwshı ha`kimiyat organları, poselka, awıl puqaralar o`z-o`zin basqarıw organları, awıl xojalıq kooperativleri (shirket xojalıqları) diyxan-fermer xojalıqlarına tikkeley ja`rdem ko`rsetiwi atap o`tilgen.

Olar ko`rsetetug`ın ja`rdemler to`mendegilerden ibarat:

İslep shıg`arıw ha`m sotsiallıq turmıslıq a`hmiyetke tiyis obektleri bolmag`an territoriyalarda diyxan-fermer xojalıqları du`zilgende onı birlemshi abadanlastırıw (gaz, elektrlestiriw, jollar, radio, telefon, melioratsiyalaw ha`m basqa) islerin a`melge asıradı.

Diyxan-fermer xojalıqlarına islep shıg`arıw ha`m turar jaylardı qurıwda ja`rdem ko`rsetedi.

Diyxan-fermer xojalıqları ushın kerekli mal-mu`lk ha`m islep shıg`arıw quralların birjalarda, yarmarkalarda, bazarlarda yuridikalıq ha`m fizikalıq shaxslardan satıp alıwda ko`meklesedi.

Zatlı mallar, sortlı tuqımlıq ha`m awıl xojalıq organikalıq ha`m mineral to`ginlerdi, awıl xojalıg`ı eginlerin zıyannan ha`m keselliklerden qorg`aw quralların jetkizip beriw ju`zesinen ma`mleket agrotexnika xızmeti ko`rsetiw sisteması arqalı servis xızmeti ko`rsetedi.

Bunnan tısqarı awıl xojalıq texnikası, a`spab-u`skeneleri ha`m shiyki zatlardı lizing tiykarında alıwda, sharwa mallarına zooveterenariya xızmeti ko`rsetiwde, diyxan-fermer xojalıqlarında jetistirilgen awıl xojalıq o`nimlerin tayarlaw ha`m realizatsiya qılıwda, konsalting ha`m informatsion xızmeti ko`rsetiwde ha`m basqa ju`da` ko`plep ma`selelerde ja`rdem ko`rsetedi.

Diyxan-fermer xojalıqları xızmetin muwapıqlastırıp barıw ja`ne de olardın` huqıqları ha`m ma`plerin qorg`aw O`zbekstan diyxan ha`m fermer xojalıqları birlespesi ja`ne de Tovar islep shıg`arıwshılar ha`m isbilermenler palatası ja`ne de olardın` orınlardag`ı territoriyalıq organları ta`repinen a`melge asırıladı.

Biraq, ha`zirgi payıtqa shekem bazı jaylarda diyxan-fermer xojalıqları iyeleri diyxan ha`m fermer xojalıqları birlespesi menen baylanıs ornatpag`an.

Ma`lim bolg`anınday, Respublika Diyxan ha`m Fermer xojalıqları birlespesinin` en` to`mengi buwını birlespenin` rayon wa`killeri bolıp tabıladı. Awıl ken`esleri yaki ja`ma`a`t (shirket) xojalıqları shen`berinde olardın` buwınları joq. Birlespenin` rayon wa`killikleri pu`tkil rayon statusındag`ı diyxan-fermer xojalıqları tolıg`ı menen ja`rdem ko`rsete almaydı. Basqasha aytqanda, olarg`a tikkeley a`meliy ja`rdem bere almaydı.

Sonın` ushın, bizin` pikirimizshe, orınlarda kompleks servis xızmeti ko`rsetiwshi sho`lkemler du`ziw maqsetke muwapıq. tap usı sho`lkemler diyxan-fermer xojalıqlarına tikkeley jaqın boladı ha`m diyxan-fermer xojalıqları o`zlerinin` ba`rshe mashqalaların usı sho`lkem arqalı sheshiw imkaniyatı tuwıladı.

Bizin` pikirimizshe, kompleks servis xızmeti ko`rsetiw orayları sha`rtnama tiykarında to`mendegi islerdi du`ziw ha`m a`melge asırıwı lazım:

1. İslep shıg`arıwdı sho`lkemlestiriwde ja`rdem ko`rsetiw. bunda diyxan-fermer xojalıqlarının` jerlerine islew beriwde, eginlerdi asırawda, ot-jem jıynawda ko`meklesedi.

2. Za`ru`rli resurslar menen ta`miyinlewde. Bunda diyxan-fermer xojalıqların ot-jem, azıq-awqat, zatlı mallar tuqımlıq, mineral to`gin, pestitsidler, qurılıs materialları menen ta`miyinlewdi du`zedi.

3. Jetistirilgen o`nimlerdi satıwda. Diyxan-fermer xojalıqlarında jetistirilgen sharwashılıq o`nimleri (su`t, go`sh), miywe-palızlardı satıwda ko`meklesedi.

4. Diyxan-fermer xojalıqlarına xızmet ko`rsetiw. bunda diyxan-fermer xojalıqlarına transport, veterenariya, konsalting xızmetleri ko`rsetiwdi quraydı ha`m muwapıqlastıradı. .

Sho`lkemlestiriletug`ın kompleks servis xızmeti ko`rsetiw orayı diyxan - fermer xojalıqlarına sha`rtnama tiykarında za`ru`rli xızmetlerdi ko`rsetedi. Bunday oraylar ma`mleket ta`repinen, jeke shaxslar ta`repinen yaki payshılıq tiykarında sho`lkemlestiriliwi mu`mkin.

Diyxan-fermer xojalıqları menen usı oray ortasında du`ziletug`ın sha`rtnama uzaq mu`ddetli bolıwı maqsetke muwapıq boladı. Bul diyxan-fermer xojalıqları o`nim jetistiriwde tikkeley tap usı oray xızmetinen paydalanadı ha`m

jetistirgen o`nimin de lazım tapsa, tap usı sho`lkemge satadı. Bunda o`nim jetistiriwde ko`rsetiletug`ın xızmet ushın diyxan-fermer o`nimi menen de esap-kitap qılıw imkaniyatı jaratılıwı kerek.

Servis xızmeti ko`rsetiw orayı o`zi xızmet ko`rsetetug`ın territoriya shen`berindegi diyxan-fermer xojalıqları sanı, jer maydanı ha`m egiletug`ın egin tu`rlerinen kelip shıg`ıp xızmet ko`rsetiw tu`rlerin belgileydi. Diyxan-fermer xojalıqların mineral to`ginler menen ta`miyinlewde ha`r bir diyxan-fermer xojalıg`ının` jer maydanınan ha`m basqa parametrlarden kelip shıqqan halda mineral to`ginler belgilengen limitte lgotlı bahalarda satıladı. Normadan artıg`ı bolsa erkin (kommertsiyalıq) bahalarında satılıwı mu`mkin. Bunnan tısqarı ot-jem, janılg`ı maylaw materialları satıwda da tap ha`r bir territoriyanın` sha`rayatınan kelip shıqqan halda keltirilip, erkin satılıwı maqsetke muwapıq boladı.

Ha`r bir kompleks xızmet ko`rsetiw orayı o`zi xızmet ko`rsetetug`ın territoriya shen`berinde diyxan-fermer xojalıqlarının` mu`ta`jliklerine jeterli za`ru`rli resurslarg`a iye bolsa, diyxan-fermer xojalıg`ı qa`lese onı o`zi satıp alıp o`zi isletiwi yaki tap usı oray xızmetinen paydalanıwı ushın sha`rayat jaratılıwı kerek. Da`slepki da`wirlerde bunday oraylardı sho`lkemlestiriwdi xoshametlew, olarg`a kredit alıwda, salıqta ha`r qıylı jen`illikler beriw arqalı diyxan xojalıqlarına bir qansha arzan bahalarda xızmet ko`rsetiliwine erisiw mu`mkin.

Ha`zirgi waqıtta diyxan-fermer xojalıqları iyeleri o`z jerlerine ot-jem eginlerinen ko`re o`zleri ushın ekonomikalıq jaqtan na`tiyjelirek bolg`an palız, kartoshka ha`m da`nli eginlerdi egiwdi maqul ko`redi.

Agrosanaat kompleksi tarawları ortasında buzılg`an ekonomikalıq mu`na`sibetler endi g`ana qayta tiklenip atırg`an ha`zirgi bazar ekonomikasına

o`tiw sha`rayatında ja`ma`a`t xojalıqlarında da diyxan-fermer xojalıqlarında da sharwa malların azıq-awqat penen ta`miyinleniw da`rejesi biraz jamanlasıp ketti.

Ja`ma`a`t, shirket, ma`mleket xojalıqlarında eginler strukturasında azıq-awqat eginleri maydanlarının` kemeyip ketiwi ha`m usı maydanlarg`a ko`birek paxta ha`m biyday egiliwi na`tiyjesinde xojalıqlar ta`repinen xalıqqa pishen, silos ha`m saban satıw sa`lkem kemeyip ketken. Biyday maydanları ko`beyiwi esabına xojalıqlar azıq-awqatqa bolg`an talaptı saban esabına toltırıwg`a ha`reket qılmaqta ha`m na`tiyjede xalıqqa saban satıw da belgili ra`wishte kemeyip barmaqta. A`lbette, g`a`lle erkinligine erisiw za`ru`r ma`sele. Sonın` ushın da, g`a`lle maydanlarının` ko`beyiwi ta`biyiy. Lekin g`a`lle jıynastırıp alıng`annan keyin tezde aydalıp ornına ta`kirar azıq-awqat eginlerin egiwdi izbe-iz jolg`a qoyıw maqsetke muwapıq. Keyingi jıllarda respublikada g`a`lleden bosag`an jerlerge ta`kirar eginler egiw jolg`a qoyıla baslandı. Lekin, ha`zirde xojalıqlardın` texnika bazası bul isti qısqa mu`ddette a`melge asırıwg`a imkaniyat bermey atır.

Bizin` pikirimizshe, respublika diyxan-fermer xojalıqlarında ot-jem ma`selesin unamlı sheshiw ushın to`mendegi islerdi a`melge asırıw lazım. Ja`ma`a`t ha`m shirket xojalıqlarında jetistirilip atırg`an ot-jemlerdi diyxan-fermer xojalıqlarına sha`rtnama tiykarında satıwdı du`ziw, g`a`lleden bosag`an jerlerdin` bir bo`legin diyxan-fermer xojalıqlarına ta`kirar azıq-awqat eginleri egiw ushın ajıratıp beriw ha`m za`ru`r ja`rdem (texnika, tuqımlıq, to`gin h.t.b.) ko`rsetiw ta`miynat ha`m sawda sho`lkemleri ta`repinen ot-jemdi erkin ha`m jeterli da`rejede satıwdı du`ziw. Sonday-aq, ha`zirgi payıtta satılıp atırg`an jem bahasın da qayta ko`rip shıg`ıw lazım boladı.

Sharwashılıqta o`nimdarlıq tek ot-jem ma`selesine g`ana baylanıslı emes. Sharwa haywanlarının` o`nimdarlıg`ına n` faktor birdey ta`sir qıladı. Bular:

1. Mallardın` joqarı zatlı bolıwı;
2. Ot-jem bazasının` bekkem bolıwı;
3. Gigiena (bag`ıw sha`rayatı);
4. İsbilermenlik (basqarıw).

Diyxan-fermer xojalıqlarındag`ı mallar tiykarınan jergilikli jerlerdegi joqarı zatlı haywanlar sonın` ushın da olardın` o`nimdarlıg`ı ju`da` pa`s. Sog`an qaramastan o`nimdarlıq ko`rsetkishleri ja`ma`a`t ha`m fermer xojalıqları ko`rsetkishlerine qarag`anda ju`da` joqarı.

Diyxan-fermer xojalıqlarında salıstırmalı ko`birek o`nimdarlıqqa erisip atırg`anlıg`ının` sebebi olarda haywanlardı bag`ıw sha`rayatının` ja`ma`a`t ha`m fermer xojalıqlarına qarag`anda jaqsılıg`ı bolıp tabıladı.

Biraq diyxan-fermer xojalıqlar erisip atırg`an o`nimdarlıq ko`rsetkishlerin de joqarı ko`rsetkishler dep bolmaydı. Ma`selen, Gollandiya, Angliya sıyaqlı ma`mleketlerde ha`r bas sıyırdan ortasha 6-7 mın` litrden su`t sawıp alınadı. Demek, bizdegi diyxan-fermer xojalıqları ko`rsetkishlerinen 3-4 barabar joqarı.

Bizin` pikirimizshe, respublika sha`rayatında diyxan-fermer xojalıqlarındag`ı sıyırlar o`nimdarlıg`ın asırıw ushın olardın` zatdarlıg`ın jaqsılaw lazım. Bunın` ushın, xalıq qolındag`ı sıyırlardı zatdar qaramallar tuqımı menen passiv ra`wishte qashırıwdı jolg`a qoyıw kerek. Ma`lim bolg`anınday, ba`rshe ja`ma`a`t xojalıqlarının` sharwashılıq fermaları qasında ha`zirde derlik xızmet ko`rsetpey atırg`an passiv qashırıw punktları bar. Olarg`a tuqımdı Respublika oraylıq na`silshilik xojalıqtı jetkizip beriwi kerek. Oray ba`rshe wa`layat, rayon ha`m xojalıqlarg`a muzlatılg`an tuqım jetkizip beriw

imkaniyatına iye. Bul jerde udayı 3 mln. dozadan artıq muzlatılg`an tuqım bar boladı. Bahası da qımbat emes, 100-120 sum a`tirapında. Mag`lıwmatlarg`a qarag`anda shet elde 1 doza tuqımnın` bahası ortasha 10-20 AQSh dolları turadı.

Orayda Golland zatı, Golshtin, Qara ala, Daniya qara alası, Shvits, Bushuev ha`m basqa o`nimdar zatlardın` tuqımı tayarlanadı. Olardın` ana a`wladtın` su`t o`nimdarlıg`ı 7000-10000 kg. Qa`niygelerdin` pikirinshe bizin` sha`rayatta sıyırlardı usı tuqımlar menen atalandırıp 3500-4000 kg su`t beretug`ın a`wladlar alıw mu`mkin.

Diyxan-fermer xojalıqlarda bag`ılıp atırg`an haywanlarg`a veterinariya xızmeti ko`rsetiwdi jaqsı jolg`a qoyıw da sharwashılıqtın` rawajlanıwına unamlı ta`sir ko`rsetedi. Respublikada diyxan-fermer xojalıqlarındag`ı sharwa haywanlarına veterinariya xızmeti ko`rsetetug`ın vetpunktlar qurag`an. Olardın` sanı jeterli da`rejede. Ha`r bir awıl ken`esi territoriyasında vetpunktlar bar. Lekin ha`zirgi ku`nde bul vetpunktlar kerekli da`ri-da`rmanlar menen jaqsı ta`miyinlengen. Vetpreparatlardın` ko`pshiligi shet elden keltiriledi. Olardın` bahası qımbat ha`mde valyutag`a satıp alıw kerek, bul bolsa o`z na`wbetinde ma`lim qıyınshılıqlar menen baylanıslı. Vetta`miynat xojalıqları ta`repinen diyxan-fermer xojalıqları ushın ayrıqsha da`ri-da`rmanlar, a`sirese, tez ushırap turatug`ın keselliklerge qarsı ajıratıwdı jolg`a qoyıw arqalı xalıq qolındag`ı sharwa haywanlardan alınıp atırg`an o`nimler mug`darının` turaqlıg`ına erisiw mu`mkin. Diyxan-fermer xojalıqlardag`ı sharwa malları ha`m quslardı emlewdi diyxan ha`m fermer xojalıqları birlespeleri ta`repinen finanslastırıw sharwa haywanların, a`sirese, quslardı jug`ımlı keselliklerden qırılıp ketiwinin` aldın aladı.

Diyxan-fermer xojalıqlarında diyxanshılıq o`nimlerin jetistiriwde de o`nim mug`darına, sıpatına ha`m o`zine tu`ser bahasına ju`da` ko`p faktorlar ta`sir qıladı. Bunda da en` za`ru`ri jer maydanlarının` o`lshemi bolıp tabıladı. Respublikada diyxan-fermer xojalıqları jer maydanlarının` o`te kishiliginen diyxan-fermer xojalıqları iyeleri o`zleri ushın ekonomikalıq jaqtan na`tiyjeli egin tu`rin ekpekte. Respublika boyınsha diyxan-fermer xojalıqlarındag`ı bar egin maydanlarının` ko`pshiligi palız eginleri ha`m kartoshka menen ba`nt.

Diyxanshılıq o`nimleri jetistiriwde tuqımlıq, to`gin, o`simliklerdi qorg`aw ma`selelerin unamlı sheshiw arqalı joqarı na`tiyjelerge erisiw mu`mkin.

Joqarıda keltirgenimizdey, diyxan-fermer xojalıqlarında tiykarg`ı tu`rdegi awıl xojalıg`ı eginlerinin` o`nimdarlıg`ı respublikadag`ı ortasha ko`rsetkishlerden a`,o`-g` barabar joqarı. Bunın` tiykarg`ı sebepleri: birinshiden, diyxan ha`m fermer o`zi ushın isleydi, o`nim o`ziniki, sonday-aq, da`ramat ko`p bolsa da kem bolsa da o`zine; ekinshiden, diyxan xojalıqlarda derlik ba`rshe jumıslar qolda o`zi orınlaydı ha`m jumıstın` u`lken itibar beredi; u`shinshiden, kishkene maydang`a egin egiliwi sebepli ba`rshe agrotexnologiyalıq protsess o`z waqtında orınlanadı; to`rtinshiden, diyxan-fermer xojalıqlarda maydan birligine ko`p mug`darda organikalıq to`gin salınadı.

Diyxan-fermer xojalıqlarında o`nim jetistiriw da`rejesine tikkeley ta`sir qılatug`ın za`ru`r faktorlardan biri egiletug`ın eginlerdin` sapalı tuqımlıg`ı bolıp tabıladı. Ma`lim bolg`anınday, joqarı zu`ra`a`tli, erte piser, keselliklerge shıdamlı taza tuqımlıq egilgende g`ana basqa agrotexnikalıq ilajlardın` na`tiyjesi joqarı boladı. Diyxan-fermer xojalıqların sapalı tuqımlıq ha`m egiw materialı menen ta`miyinley turıp egiletug`ın eginlerdin` joqarı o`nimdarlıg`ına erisip bolmaydı.

Respublikada o`tkizilgen baqlawlar sonı ko`rsetedi, ha`zirgi ku`nde diyxan-fermer xojalıqları iyeleri tuqımlıqlardı tiykarınan bazarlardan ha`m jeke isbilermenlerden satıp aladı. Egilip atırg`an tuqımnın` sapasına tazalıg`ına, reproduktsiyasına hesh qanday kepillik joq. Palızlardın` tuqımları tiykarınan jeke shaxslar ta`repinen shetten keltiriledi. Olardın` da sapasına hesh kim kepillik bermeydi. Usı ma`seleni unamlı sheshiw ushın tuqımlıq jetkizip beriw boyınsha servis xızmetin jolg`a qoyıw maqsetke muwapıq bolar edi.

Bir qatar ilimiy juwmaqlarda, jazılg`an ilimiy a`debiyatlarda diyxan-fermer xojalıqlarda o`nim jetistiriwge ta`sir qılıwshı tuqımlıq, to`gin, o`simliklerdi qorg`aw, jer maydanları o`lshemleri ha`m usı sıyaqlı mashqalalarg`a ken` toqtap o`tilip, bul mashqalalardı joq qılıw jolları da jeterlishe ko`rsetilgen.

Bizin` pikirimizshe, diyxan-fermer xojalıqlarında o`nim jetistiriw da`rejesine ta`sir etiwshi en` za`ru`r faktorlardan biri bul insan faktorı bolıp tabıladı. Anıg`ıraq qılıp aytqanda, diyxan-fermer xojalıg`ı iyesinin` bilimi, ta`jiriybesi, ekonomikalıq-sotsiallıq tu`sinigi, texnologiyalıq sanası, ulıwma alg`anda, isbilermenligine ko`p na`rse baylanıslı.

Sharwashılıqta o`nim jetistiriw da`rejesine ta`sir qılıwshı q tiykarg`ı faktor o`nimdar zat, azıq-awqat, bag`ıw sha`rayatı, o`simlikshiliktegi tiykarg`ı faktorlar – tuqımlıq, to`gin ha`m o`simliklerdi qorg`aw organikalıq ra`wishte birlesip ju`zege shıg`ıwı en` aldın-ala diyxan-fermer xojalıg`ı iyesinin` isbilermenligine baylanıslı.

Respublikamızda o`tkizilgen monografiyalıq baqlawlar ha`m anketa sorawları na`tiyjeleri sonı ko`rsetedi, diyxan-fermer xojalıg`ı iyeleri bir tu`rli sha`rayatta bir qıylı jer o`lshemlerinde o`zinin` bilimi, isbilermenligi, jumısqa

bolg`an mu`na`sibetinen kelip shıqqan halda tu`rli mug`darda o`nim jetistiriw tu`rli mug`darda da`ramat aladı.

## 1.2 Awılda xalıqtın’ miynet ba’ntligi h’a’m sotsiallıq qorg’aw mashqalalarının’ sheshiliwinde fermer xojalıqlarının’ a’h’miyeti

Respublika awıl xojalıg’ında ekonomikalıq reformalardı teren’lestiriw h’a’r tu’rli mu’lkshilik h’a’m xojalıq ju’rgiziw formasındag’ı awıl xojalıg’ı ka’rxanalarının’ qa’liplesiwi ja’ne de ten’ sha’rayatlarda xızmet ko’rsetiwlerine jag’day jarattı. Usı tiptegi xojalıqlardın’ salmag’ı h’a’m sanının’ keskin artıp barıwı ja’ne de xojalıqlarda o’ndiristi ko’birek bazar nızamlılıqlarına boysınıwı awıl aymaqlarında jasawshı xalıqtı sotsiallıq korg’aw h’a’m ba’ntlik mashqalasın en’ aktual ma’selerden biri sıpatında ilgeri su’rmekte.

Ekonomikada bazar qatnasıqlarının’ rawajlanıwı awıl xojalıg’ında o’nim o’ndiriwdi tek g’ana payda alıw maqsetine bag’darlanıwı talap etedi h’a’m bul protsesste miynet o’nimdarlıg’ın arttırıw h’a’m qa’rejetlerdi kemeyttiriw fermer xojalıqları basshılarının’ ku’ndelik tiykarg’ı wazıypası esaplanıwı za’ru’r. Sebebi diyxannın’ tu’pkilikli na’tiyje boyınsha alatug’ın da’ramatı jıl dawamında o’nim jetistiriw menen baylanıslı sarp-qa’rejetlerden paydalanıw da’rejesi, jetistirilgen o’nimnin’ mug’darı h’a’m sapasına ko’birek baylanıslı. Ma’lim bolg’anınday, awıl xojalıg’ı o’ndirisinde miynet o’nimdarlıg’ın asırıw ko’plep faktorlarg’a, sonnan, awıl xojalıg’ında ba’nt bolg’an miynet resurslarınan paydalanıw na’tiyjeliligi h’a’m mexanizatsiyalastırıw da’rejesin asırıw talap etiledi.

Respublikamızda kishi h’a’m jeke isbilermenlikti, sonın’ ishinde, fermer xojalıqların sho’lkemlestiriw h’a’m rawajlandırıwdı ekonomikalıq qollap-quwatlaw xalıqtın’ o’z qa’biletlerin tola ko’rsetiw imkaniyatın jaratadı h’a’m ol tu’pkilikli na’tiyjede ma’mleketimiz awıl aymaqlarındag’ı aktual mashqala –

miynet qılıw qa’biletine iye bolg’an, biraq, waqtınsha jumıs penen ta’miynlenbegen puqaralar, sonday-aq, o’sip kelip atırg’an jas a’wlad ushın jan’a jumıs orınların jaratıwda za’ru’r rol oynaydı.

Biraq, sonı ayrıqsha atap o’tiw kerek, respublikamızdın’ xalqı tıg’ız jaylasqan territoriyalar – Fergana wa’layatında xızmet ko’rsetip atırg’an fermer xojalıqlarının’ ortasha jer maydanı 1997 jılda 5,3 gektardan 2009 jılda 17,2 gektarg’a shekem, Andijan wa’layatında 3,2 gektardan 10,0 g’a shekem, Namangan wa’layatında 3,4 gektardan 15,8 ge shekem, Samarqand wa’layatında 9,2 den 19,8 gektarg’a shekem h’a’m Xorezm wa’layatında bolsa 3,3 ten 13,6 gektarg’a shekem ko’beygen h’alda onda isleytug’ın jumısshılar sanı Fergana wa’layatında 2,1 adamnan 8,9 adamg’a shekem, Andijan wa’layatında 2,3 – 8,7, Samarqand wa’layatında 3,1 – 9,9 h’a’m Namangan wa’layatında 3,3 – 7,0 adamdı, Xorezm wa’layatında bolsa 2,9 – 4,8 adam ba’nt yaki ba’rshe territoriyalarda fermer xojalıqlarının’ ortasha jer maydanı o’lshemi usı da’wirde 3-5 ma’rtege shekem irileskenine qaramastan ondag’ı jumısshılar sanı 2,1 – 4 adamg’a ko’beydi, yag’nıy jer o’lshemi h’a’m ortasha jumısshılar sanı ortasında parq shama menen bir qıylı mug’darda ko’beymekte.

İzertlew protsessinde Qaraqalpaqstan Respublikası h’a’m wa’layatlar boyınsha 21718 fermer xojalıqları basshılarının’ jınısı, mag’lıwmatı h’a’m jası tan’law tiykarında u’yrenildi. Analizlerge ko’re, fermer xojalıqlarının’ 1373 (6 protsent) h’ayallar basshı, 9398 xojalıq basshıları (40 protsent) awıl xojalıg’ı boyınsha joqarı h’a’m orta arnawlı mag’lıwmatqa iye, 8097 (35 protsent) arnawlı mag’lıwmatqa iye emes h’a’m 5688 (25 protsent) orta mag’lıwmatlı shaxslardı quraydı yaki 60 protsent fermer xojalıqlarının’ basshıları awıl xojalıg’ı boyınsha arnawlı bilimge iye emes.

Fermer xojalıqlarının’ 3748 basshı 30 jasqa shekem, 7200 xojalıqta 31-40 jas, 6579 xojalıqta 41-50 jas, 4291 xojalıqta 51-60 jas h’a’m 1376 xojalıqta bolsa 60 jastan joqarı ekenligi anıqlandı.

Fermer xojalıqları basshılarının’ mag’lıwmatı h’a’m ortasha jaslarının’ salıstırmasına ko’re, 10948 fermer xojalıg’ının’ (47,1 protsent) basshısı 40 jasqa shekem, 10870 xojalıqta (46,9 protsent) bolsa 41 jastan 60 jas quraydı. Usı salıstırma fermer xojalıqlarının’ awıl xojalıg’ı, ekonomika, h’uqıq, agrobiznes, bank operatsiyaları, salıq h’a’m basqa bag’darlar boyınsha ka’siplik bilimge iye bolıwları ushın arnawlı oqıw seminarların sho’lkemlestiriwdi aktual ma’sele sıpatında ilgeri su’redi. Usı ilajdı belgili sho’lkemlestiriwi bolsa tu’pkilikli na’tiyjede fermer xojalıqlarında jetistirilip atırg’an o’nimler o’zine tu’ser bah’anın’ arzanlasıp, sapasının’ jaqsılanıwı, bazardag’ı tutınıwshılardın’ talapların tolıraq qandırıw ushın ba’sekige shıdamlı o’nimler o’ndiriwde za’ru’r faktor jaratadı.

Fermer xojalıqlarında artıqsha jumısshı ku’shlerinen paydalanbaslıq na’tiyjesinde jumıssızlıq tek g’ana artıqsha ba’ntsizlik esabına, ba’lkim awıl orınlarında xalıq ta’biyiy o’siwi joqarılıg’ı h’a’m awıl xalqının’ migratsion to’menligi esabına da ju’z beredi.

Usı sebepli respublikamız awıl aymaqları boyınsha arnawlı ba’ntlik da’stu’ri islep shıg’ılıp, onda to’mendegi bag’darlardı rawajlandırıw arqalı ba’ntlik mashqalası sheshiliwi ko’zde tutılıwı kerek:

- awıl aymaqlarında jeke h’a’m kishi isbilermenlik rawajlandırıw maqsetinde iri toqımashılıq kombinatları,. qayta islew h’a’m tayarlaw yaki basqa bag’dardag’ı sanaat ka’rxanalarının’ bo’limlerin sho’lkemlestiriw h’a’m kooperatsiya tiykarında xızmet ko’rsetiwin jolg’a qoyıw arqalı kishi sanaat

o’ndiriwin rawajlandırıw. Usı kishi sanaat ka’rxanaları awıl xojalıg’ı o’nimlerin tayarlaw, qayta islew, sanaat o’nimlerinin’
ayırım bo’lim yaki yarım tayar o’nimlerin awıl aymaqlarında o’ndiriliwin jolg’a qoyıw h’a’m olardın’ xızmet ko’rsetiwin ma’mleket ta’repinen ekonomikalıq qollap-quwatlaw sistemasın jetilistiriw;

- awıl xojalıg’ı o’nimlerin tayarlaw, ko’tere satıw sawdashılıq kishi ka’rxanaları, awıl xojalıg’ı ka’rxanalarına transport, texnikalıq servis, ximiyalıq ta’miynat, zooveterinariya xızmeti, bazar mag’lıwmatları shaqapshaların rawajlandırıw;

- awıl xalqı da’ramatların asırıwda bekkem derek sıpatında diyxan xojalıqları ushın qosımsha jer maydanları ajıratıw;

- awıl xojalıg’ı xızmetkerleri mamanlıg’ın asırıw h’a’m ka’siplik qayta tayarlaw sistemasın jetilistiriw (1.2.1-su’wret)

Diyxan xojalıqlarında o’nim o’ndiriwdin’ mexanizatsiyalastırıw da’rejesi ju’da’ pa’sligi, tiykarg’ı jumıslar qolda orınlanıwı h’a’m tiykarınan, ko’p miynet talap qılıwshı o’nimler jetistiriliwi (palız, ju’zim, sharwashılıq o’nimleri) sebepli awıl xojalıg’ı o’ndirisinde ba’nt bolg’an jumıs ku’shinin’ tiykarg’ı bo’legi diyxan xojalıqlarında xızmet ju’rgizbekte yaki 3,3 mln. ga jaqın diyxan xojalıqlarında 4,1 mln.nan artıq xalıq h’a’r qashang’ı ra’wishte jumıs penen ba’nt.

Shirket xojalıqlarının’ tarqatılıwı esabına payda bolıp atırg’an jumıssızlardan tısqarı, artıqsha jumıs ku’shi zapasının’ tiykarg’ı bo’legin h’ayallar quraydı. Awıllarda

1.2.1-su’wret

Awıl xojalıg’ında ba’ntlik mashqalasın sheshiwdin’ tiykarg’ı bag’darları



jasawshı h’ayallar tiykarınan ma’wsimiy awıl xojalıg’ı jumıslarına, sonnan, palız o’nimlerine islew beriw h’a’m o’nimdi jıynastırıw, paxta maydanlarında vegetatsiya da’wirinde miynet qılıw h’a’m paxta teriw, pille bag’ıw sıyaqlı jumıslarg’a tartılıp, qısqa waqıt (60-80 ku’n) miynet penen ba’nt boladı. Sonın’ ushın da awılda ba’ntlik mashqalasın sheshiwde h’ayallar ushın jumıs orınları sho’lkemlestiriw ayrıqsha a’h’miyetke iye. Awıllarda jasawshı h’ayallardı jumıs penen ba’nt qılıwda ma’deniy-kommunallıq xızmet ko’rsetiw tarawları, awıl xojalıg’ı o’nimlerin qayta islew, sortirovkalaw, upakovkalaw, o’nermentshilikke qa’nigelesken kishi sanaat ka’rxanaların rawajlandırıw maqsetke muwapıq.

Fermer xojalıqlarında ba’ntlik mashqalasın sheshiw miynetke qa’biletli xalıqtın’ migratsiya da’rejesin asırıw arqalı da ta’miynleniwi za’ru’r. Sebebi respublikamızdın’ aymaqları bir-birinen bar miynet resursları menen ta’miynlengenlik da’rejesi, awıl xojalıg’ı eginlerinin’ vegetatsiya da’wiri h’a’m o’nimdi jıynaw da’wirleri menen de parq qıladı. Bunda miynet resursların ma’mleket ishindegi h’a’reketin ta’miyn etiwshi xızmet ko’rsetiw sistemaların jaratıw, xalıq h’a’reketinin’ ekonomikalıq, sho’lkemlestiriw h’a’m h’uqıqıy tiykarların jetilistiriw talap etiledi.

Fermer xojalıqlarının’ rawajlanıwı tek g’ana na’tiyjeli ba’ntlik mashqalasın, ba’lkim fermer xojalıqlarında h’a’r qashan miynet qılıp atırg’an ag’zalar h’a’m jallanba jumısshılardı sotsiallıq korg’aw ma’selesi aktual mashqala sıpatında ju’zege shıqpaqta. Analizlerge ko’re, fermer xojalıqlarında miynet qılıp atırg’an jallanba jumısshılar, a’sirese, ma’wsimiy awıl xojalıg’ı jumıslarında ba’nt bolg’an xalıqtı sotsiallıq qorg’awı nızamlıq jolg’a qoyılmag’an. Ko’pshilik h’allarda ma’wsimiy miynet qılıp atırg’an shaxslar fermer xojalıg’ı basshılıg’ı menen awızeki du’zilgen sha’rtnamalar (o’z-ara kelisiw) tiykarında xızmet

ju’rgizbekte. Fermer xojalıg’ı baslıg’ı usı h’alatta olardın’ sotsiallıq qorg’awı h’a’m miynet qa’wipsizligin ta’miyn etiw barısında a’meldegi nızamlarda belgilengen minnetlemelerdi o’z moynına almaydı.

Usı mashqalalardın’ ju’zege keliwinde, tiykarınan ko’pshilik fermer xojalıqlarının’ basshıları, sonday-aq, fermer xojalıg’ında islep atırg’an jallanba jumısshılardın’ miynet nızamları talapların bilmeslikleri sebep bolmaqta. bunın’ ushın h’a’r bir rayon ko’leminde fermer xojalıqları basshıları h’a’m jumısshıları qatnasıwında oqıw shınıg’ıwlardı o’tkiziw, oqıw-metodikalıq qollanbalar h’a’m jergilikli g’alaba xabar quralları arqalı fermer xojalıqları basshılarına tu’sindiriw jumısların alıp barıw za’ru’r. Fermer xojalıg’ı jeke isbilermen sıpatında jumısshı ku’shi jallaw h’a’m ol menen miynet sha’rtnamasın du’ziwde o’z ma’pleri ko’leminde g’a’rezsiz ra’wishte jumıs ju’rgizedi, biraq, ol bar miynet nızamları talapları masshtabında jallanba jumısshının’ sotsiallıq qorg’awın ta’miyn etiwi kerek. Usı sebepli de fermer xojalıqlarında xızmetkerlerdi jallaw h’a’m jumıstan azat qılıw «Puqaralıq kodeksi», «Miynet kodeksi», «Fermer xojalıg’ı tuwrısında»g’ı nızamlar h’a’m nızam astı normativ h’u’jjetleri talaplarına muwapıq a’melge asırılıwı za’ru’r.

# II-Bap. AWIL XOJALIG’INDA INSTITUTSIONAL REFORMALARDIN’ SHO’LKEMLESTIRIW, H’UQIQIY H’A’M EKONOMIKALIQ MEXANIZMLERIN JETILISTIRIW

## 2.1 Fermer xojalıqlarında jer h’a’m suw potentsialınan na’tiyjeli paydalanıw paydalanıwdın’ h’a’zirgi jag’dayı

Ma’mleketimizde awıl xojalıg’ında paydalanatug’ın jer h’a’m suw potentsialı xalqımız turmıs da’rejesinin’ jaqsılanıwında za’ru’r a’h’miyetke iye bolıp, olardan paydalanıw arqalı ishki h’a’m shet el bazarlarına ba’sekige shıdamlı tayar, yarım tayar yaki shiyki-zat awıl xojalıg’ı o’nimlerin shıg’arıw h’a’m agrar tarawdın’ eksport potentsialın asırıw imkaniyatları ju’zege keledi.

1990 jıllardan baslap awıl xojalıg’ında alıp barılıp atırg’an ekonomikalıq reformalardın’ bas maqseti – awıl xojalıg’ında jerge bolg’an xojasızlıq h’alatına shek qoyıw, jerge iyelik h’a’m onnan na’tiyjeli paydalanıw mexanizmlerin islep shıg’ıw h’a’m a’meliyatqa engiziw dep belgilendi. O’zbekstan Respublikası Prezidenti İ.A. Karimov atap o’tkenindey: «Ma’mleketimiz xalqı tiykarg’ı bo’leginin’ da’ramatı h’a’m pa’rawanlıg’ı mine usı jerden na’tiyjeli paydalana alıwımızg’a, onın’ o’nimdarlıg’ı qay da’rejede saqlap turıwımızg’a baylanıslı ekenin, bul mashqala qanshelli za’ru’r ekenligin tu’siniwimiz qıyın emes....». O’zbekstan Respublikasının’ «Jer kodeksi», «Awıl xojalıq kooperativi (shirket xojalıg’ı» tuwrısında», «Diyxan xojalıg’ı tuwrısında», «Fermer xojalıg’ı tuwrısında», «Suw h’a’m suwdan paydalanıw tuwrısında» h’a’m «Ma’mleket jer kadastrı tuwrısında»g’ı nızamları ma’mleketimizde jer h’a’m suw potentsialınan na’tiyjeli paydalanıwdın’ h’uqıqıy tiykarların jarattı. O’tken da’wir ishinde usı

normativ-h'uqıqıy h'u'jjetler tiykarında bar suwg'arılatug'ın jer fondının' ta'biyiy o'nimdarlıg'ı, yag'nıy ball-bonitetleri anıqlandı. Na'tiyjede ba'rshe jer iyeleri o'z iyeligindegi jerlerdin' ta'biyiy o'nimdarlıq h'alatı tuwrısındag'ı mag'lıwmatlarg'a, sonday-aq, awıl xojalıg'ı eginlerin topıraqtın' h'alatına qarap aymaqlıq jaylastırıw imkaniyatına iye boldı.

Biraq, o'tken da'wir ishinde respublikamızda suwg'arılatug'ın jerlerdin' o'nimdarlıq da'rejesi pa'seyip barmaqta yaki 1990-2009 jıllar ishinde suwg'arılatug'ın jerler topıraq o'nimdarlıg'ı Samarqand h'a'm Fergana wa'layatlarında 10 ballg'a, Surxanda'rya wa'layatında 8 ballg'a, Nawayı, Namangan h'a'm Tashkent wa'layatlarında 7 ballg'a, Sırda'rya wa'layatında 4 ballg'a, Qaraqalpaqstan Respublikası, Jizzax h'a'm Qashqada'rya wa'layatlarında 3 ballg'a pa'seygen.

2009 jılda respublikamızda xızmet ko'rsetken 90580 fermer xojalıqları iyeligindegi ja'mi 2743,6 mın' gektar jer, sonnan, 1623,6 mın' gektar suwg'arılatug'ın jer maydanının' topıraq o'nimdarlıg'ı analiz na'tiyjeleri fermer xojalıqlarında da jer maydanlarının' topıraq o'nimdarlıg'ı bir qansha pa's ekenligin ko'rsetpekte.

Ma'lim bolg'anınday, awıl xojalıg'ında jer maydanlarınan na'tiyjeli paydalanıwg'a qollap-quwatlawshı en' ku'shli faktorlardan biri – bul diyxanlarg'a jer maydanların uzaq mu'ddetke ijara tiykarında biriktiriw esaplanadı.

İzertlew protsessinde fermer xojalıqlarına jer maydanların ijara tiykarında biriktiriw mu'ddetlerin 2007-2008 jıllardag'ı h'alatı u'yrenildi. 2003 jılda xızmet ko'rsetken 27022 fermer xojalıg'ına (xızmet ko'rsetip atırg'an xojalıqlarının' 61,8 %) 603467 jer maydanı (biriktirilgen ja'mi jer maydanının' 67,8 %) 10 jıl

mu’ddetke shekem, 4097 fermer xojalıg’ına (9,4 %) 60435 jer maydanı biriktirilgen.

Ma’lim bolg’anınday, respublikamız boyınsha awıl xojalıg’ında paydalanatug’ın ja’mi jer maydanının’ 10 protsentine jaqın bo’legin suwg’arılatug’ın jerler sho’lkemlestiredi. Awıl xojalıg’ında miynet qılıp atırg’an xalıqtın’ tiykarg’ı da’ramatı h’a’m pa’rawanlıg’ı mine usı suwg’arılatug’ın jerlerde eginler o’nimdarlıg’ı h’a’m sapasın asırg’an h’alda onnan ja’ne de na’tiyjeli paydalanıwg’a baylanıslı. Fermer xojalıqlarında o’z jeri, mu’lki, jetistirilgen o’nim h’a’m erkin miynet qılıwg’a bolg’an sezimnin’ joqarılıg’ı, diyxannın’ da’ramatı birinshi na’wbette o’z semyası h’a’m ma’mleket ushın u’lken a’h’miyetke iye ekenligi respublikamızda bunnan bılayına tek g’ana ayrıqsha shaxslardın’ talaplarına ko’re, ba’lkim pa’s rentabelli h’a’m zıyan ko’rip islep atırg’an shirket xojalıqları ornında da tan’law tiykarında fermer xojalıqların sho’lkemlestiriwdi turmıslıq za’ru’r qılıp qoydı, yag’nıy «eski kolxoz h’a’m sovxozlardın’ da’wiri a’lle qashan o’tip bolg’anınday, bu’gingi shirketlerdin’ de da’wiri o’tip barmaqta».

O’zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin’ 1993 jıl 7 yanvardag’ı 13 –sanlı qararına ko’re 4 ja’miyet xojalıg’ı, 1994 jıl 23 fevraldag’ı 88 –sanlı qararına tiykarlanıp 28 zıyan ko’rip islep atırg’an ja’miyet xojalıqları fermer xojalıqları birlespesine aylandırıldı. Respublika Ministrler Kabinetinin’ 1994 jıl 26-dekabrdegi 493–sanlı pa’rmanına tiykarlanıp Qaraqalpaqstan Respublikasının’ Ellikqala rayonındag’ı ba’rshe xojalıqlar h’a’m qalg’an 14 rayonnan birewden – ja’mi 14 ja’miyet xojalıg’ı fermer xojalıqları birlespesine aylandırıldı. Usı ilaj respublikamızda ta’jiriybe sıpatında o’tkizilip, awıl xojalıg’ında paydalanatug’ın jer maydanı, o’ndiris quralları, h’a’m jetistirilgen

o’nimnin’ h’aqıyqıyiyeligin ta’miynlew, tovar o’ndiriwshiler h’a’m basqa xojalıq subektleri ortasında o’z-ara ekonomikalıq birge islesiwdi ku’sheyttiriwge qaratıldı. Biraq, usı ilaj boyınsha ja’miyet xojalıg’ındag’ı bar jer maydanları, texnika quralları, kreditor h’a’m debitor qarızlardı bo’listiriw, tayarlaw h’a’m qayta islew ka’rxanaları, salıq h’a’m bank organları menen o’z-ara ekonomikalıq qatnasıqlardı ornatıw tuwrısında anıq h’uqıqıy-normativ h’u’jjetler yaki metodikalıq usınıslar islep shıg’ılmag’anlıg’ı na’tiyjesinde h’u’kimet qararında ko’rsetilgen ilajlar a’melde tolıq orınlanbadı.

1990 jıllardın’ aqırlarında ko’pshilik ja’miyet xojalıqlarının’ o’ndiris – finanslıq h’alatı jamanlasıp, olar ekonomikalıq bankrot h’a’m to’lewsizlik qa’biletine iye bolg’an awıl xojalıg’ı ka’rxanaları tipine aylandı. Usı xojalıqlardın’ ekonomikalıq-finanslıq h’alatların salamatlastırıw maqsetinde ma’mleketimizde 1998-jıldan baslap xojalıq ka’rxanaların sanatsiyalaw ilajları a’melge asırıldı. Biraq, pa’s rentabelli h’a’m zıyan menen islep atırg’an xojalıqlar sanatsiya mwddetinde de o’z xızmetlerin zıyan menen juwmaqlag’anlıqları sebepli olardın’ negizinde fermer xojalıqları sho’lkemlestiriw boyınsha ilajlar a’melge asırılıwı belgilendi. Usı ilajlarg’a tiykarınan jan’adan sho’lkemlestirilip atırg’an fermer xojalıqları ortasında eski ja’miyet xojalıg’ının’ jer maydanı, bar mal-mu’lklerin bo’listiriw, sotsiallıq infrastruktura obektlerin tiyisli sho’lkemler balansına o’tkiziw, artıqsha h’a’m paydalanbay atırg’an obektlerdi kim-ashtı sawdası arqalı satıw, fermer xojalıqların sho’lkemlestiriw boyınsha tan’law o’tkiziw h’a’m basqa aktual wazıypalar a’melge asırıldı.

2000 jıldan baslap h’u’kimet ko’leminde zıyan menen islep atırg’an h’a’m pa’s rentabelli shirket xojalıqları negizinde fermer xojalıqları sho’lkemlestiriw

ilajlarına u’lken itibar berile baslandı. Sebebi, ko’pshilik shirket xojalıqları awıl xojalıg’ında alıp barılıp atırg’an ekonomikalıq reforma h’a’m ma’mleket ta’repinen ko’rsetilip atırg’an ekonomikalıq qollap-quwatlanıwlarına qaramastan o’ndiris-fianslıq ko’rsetkishleri pa’seyip, zıyan ko’rip atırg’an yaki pa’s rentabelli xojalıqlarg’a aylandı. Bug’an: shirket xojalıqlarının’ ag’zaları a’meldegi nızamlarg’a muwapıq mu’lkiy h’a’m jer payına iye bolg’an h’alda olardı shirket xojalıg’ı xızmetinin’ jıllıq tu’pkilikli na’tiyjesinen materiallıq ma’pdarlıg’ının’ pa’sligi yaki ulıwma alg’anda joqlıg’ı: semyalıq kesip alıwshılarda o’z jerlerine iyelik h’a’m onnan g’a’rezsiz paydalanıwdın’ a’melde shegaralanbag’anlıg’ı; shirket xojalıqları mu’lkinin’ a’dette iyesizligi; o’nim jetistiriw h’a’m jerdi ijarag’a biriktiriw tuwrısındag’ı sha’rtnamalardın’ orınlanıwında ta’repler o’z minnetlemeleri h’a’m juwapkerliklerin tolıq sezbeslikleri; semyalıq kesip alıwshılarda biriktirilgen jerlerde eginlerden joqarı o’nimdarlıqqa erisiw h’a’m sapalı o’nim jetistiriwge bolg’an materiallıq ma’pdarlıqtın’ pa’sligi; jetistirilip atırg’an o’nimler bah’ası h’a’m awıl xojalıg’ına bag’darlanıp atırg’an sanaat o’nimleri bah’ası ortasındag’ı disparitetlik; shirket xojalıg’ı baslıqları, bas qa’niygeleri h’a’m ag’zalarının’ ka’siplik mamanlıqların asırıw boyınsha ilajlardı alıp barılmaslıg’ı h’a’m usı sıyaqlı basqa h’alatlar sebep boldı.

Pa’s rentabelli h’a’m zıyan ko’rip islep atırg’an shirket xojalıqları negizinde fermer xojalıqların sho’lkemlestiriw ilajların analiz na’tiyjeleri tiykarında usı protsesstin’ sho’lkemlestiriw, ekonomikalıq h’a’m h’uqıqıy mexanizmlerinen ibarat faktorlar kompleksi islep shıg’ıldı. Sebebi xojalıqlardı qayta sho’lkemlestiriw protsessinin’ jetiskenli tu’ri juwmag’ı en’ aldın-ala usı

mexanizmlerdi sho’lkemlestirgen faktorları tolıq, nızamlıq h’a’m o’z mu’ddetinde a’melge asırılıwına baylanıslı.

Shirket xojalıqları negizinde fermer xojalıqların sho’lkemlestirliwinin’ tu’pkilikli maqseti – jer h’a’m o’ndiris qurallarına h’aqıyqıy iyelikti ta’miynlew arqalı tarmaqta o’ndiris na’tiyjeliligin asırıwdan ibarat. Sonın’ ushın da fermer xojalıqları sho’lkemlestiriliwinde tan’lawdı tuwrı sho’lkemlestiriw, onın’ a’shkaralıg’ı h’a’m a’dalat o’tkiziliwinin’ ta’miynlew en’ za’ru’r sho’lkemlestiriw ilajlardan biri esaplanadı.

O’tken jıllar ta’jiriybelerin esapqa alg’an h’alda, bizin’she keleshekte pa’s rentabelli h’a’m zıyan ko’rip islep atırg’an shirket xojalıqların fermer xojalıqlarına aylandırıw tuwrısında h’u’kimet qararı qabıl qılındı. Bunda gu’zgi g’a’lle egilgennen keyin jer maydanları (konturlar) fermer xojalıqları ortasında bo’listirilip, o’nim satıw boyınsha kontraktatsiya sha’rtnamaları da tikkeley fermer xojalıqları menen du’ziledi.

Ekinshi za’ru’r wazıypa – bul shirket xojalıg’ın tamalaw komissiyasının’ qruamın du’ziw esaplanadı. A’meldegi ta’rtipke ko’re, tamalaw komissiyasının’ quramına ko’birek shirket xojalıg’ının’ basshı-qa’niygelerinin’ kiritiliwi ma’lim bir protsesslerde a’dalat printsiplerinin’ buzılıwına alıp kelmekte. Sonın’ ushın tamalaw komissiyası quramına shirket xojalıg’ının’ eski basshı yaki qa’niygeleri ornına Qaraqalpaqstan Respublikası, wa’layat h’a’m rayonlardag’ı ma’mleket organları ja’ne de sho’lkemlerinin’ basshıları h’a’m ta’jiriybeli qa’niygelerin kiritiw maqsetke muwapıq. Shirket xojalıg’ının’ eski basshı h’a’m bas qa’niygeleri, awıl puqaraları jıyınının’ aktivleri bolsa usı protsesste tek g’ana baqlawshı sıpatında qatnasıwı za’ru’r. Saplastırıw komissiyasın usı quramda sho’lkemlestirliwi, bizin’she, ma’mleket organları h’a’m sho’lkemlerinin’ basshı

yaki xızmetkerleri juwapkershiligin tolıq sezgen h’alda, tan’law protsessinde dawagerlerdi anıqlawda a’dalat ju’zesinen tolıq jantasıw imkaniyatın jaratadı.

## 2.2 Fermer xojalıqların rawajlandırıwda bazar infrastruktura subektlerinin' ornı h'a'm a'h'miyeti

Ba'rshe tu'rdegi tovar o'ndiriwshiler sıyaqlı fermer xojalıqların prioritet bag'darlaw sıpatında turaqlı rawajlandırıwdı bazar infrastrukturası shaqapshalarının' sho'lkemlestiriliwi h'a'm na'tiyjeli xızmet ko'rsetiwi za'ru'r a'h'miyetke iye bolıp tabıladı. Fermer xojalıqları o'z xızmetleri dawamında h'a'r tu'rli mag'lıwmatlar, ma'sla'h'a'tler, xızmetler ko'rsetiw, ta'miynat ma'seleleri sıyaqlı o'ndiris h'a'm bazar infrastrukturası subektlerinin' xızmetlerine joqarı da'rejede h'a'r qashang'ı mu'ta'j sezedi.

Respublikamızda fermer xojalıqların sho'lkemlestiriw menen bir waqıtta paritetli ra'wishte awıl aymaqlarında infrastruktura subektlerin sho'lkemlestiriwge h'u'kimet ko'leminde u'lken itibar berilmekte. Sonın' ishinde, Respublika Ministrler Kabinetinin' 2003-2006 jıllarda, sonday-aq, 2006-2008 jıllarda fermer xojalıqların prioritet bag'dar sıpatında turaqlı rawajlandırıw kontseptsiyasına tiykarlanıp zıyan ko'rip islep atırg'an shirket xojalıqları negizinde fermer xojalıqların sho'lkemlestiriw protsessinde bar infrastruktura obektlerin tiyisli sho'lkemler balansına o'tkizip, g'a'rezsiz yuridikalıq h'uqıqına iye bolg'an shaqapshalarg'a iye bolg'an subektlerge h'a'r tu'rli xızmetler ko'rsetiw sapasın jaqsılaw dep belgilendi. 1999-2006 jıllarda saplastırılg'an 1107 shirket xojalıqları negizinde 60,8 mın' fermer xojalıqları sho'lkemlestirilgen bolsa, 2006 jıl basına kelip xızmet ko'rsetip atırg'an h'a'm jan'adan sho'lkemlestirilgen fermer xojalıqlarına h'a'r tu'rli agroservis xızmetlerin ko'rsetiwge qa'niygelesken 547 alternativalı MTP, 493 suwdan paydalanıwshılar birlespesi, 432 minibank, 527 janılg'ı-maylaw materialları, 489

mineral to’gin satıw shaqapshaları h’a’m 83 awıl xojalıg’ı o’nimlerin satıw, 94 veterinariya xızmeti ko’rsetiw shaqapshaları ja’ne de o`u` mag’lıwmat ta’miynatı h’a’m konsalting xızmeti ko’rsetiwshi shaqapshalar sho’lkemlestirildi (2.2.1.-tablitsa).

Qaraqalpaqstan Respublikası h’a’m wa’layatlar boyınsha infrastruktura shaqapshaları sho’lkemlestiriliwinin’ protsessin

2.2.1.-tablitsa

Fermer xojalıqlarına tarqatılg’an shirket xojalıqlarında bazar infrastruktura obektlerin sho’lkemlestiriliw h’alatı

(2010 jıl 1 yanvar h’alatına)

| Wa’layatlar | Sho’lkemlestirilgen bazar infrastruktura obektleri | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Minibank | Janılg’ı quyıw sha- qapshası | Alternati-valı MTP | Suwdan pay-dalanıwshı- lar birles- pesi | Ximiya o’nim-leri sawdası shaqapshası | Na’silli mal-lar xızmeti shaqapsha-ları | Konsalting-informatsion xızmeti shaqapsha-ları | Awıl xoja-lıg’ı o’nim-lerin satıw shaqapshaları |
| Qaraqalpaqstan Respublikası | 57 | 76 | 74 | 73 | 71 | 12 | 5 | 12 |
| Andijan | 5 | 5 | 5 | 4 | 5 | 3 | 2 | 2 |
| Buxara | 33 | 27 | 47 | 40 | 30 | 9 | 5 | 4 |
| Jizzax | 56 | 76 | 51 | 51 | 55 | 8 | 6 | 5 |
| Qashqada’rya | 72 | 86 | 87 | 79 | 87 | 2 | 5 | 9 |
| Nawayı | 18 | 27 | 25 | 23 | 26 | 10 | 3 | 6 |
| Namangan | 13 | 13 | 13 | 13 | 13 | 9 | 9 | 10 |
| Samarqand | 20 | 40 | 47 | 23 | 27 | 10 | 5 | 8 |
| Surxanda’rya | 21 | 23 | 26 | 26 | 23 | 4 | 3 | 2 |
| Sırda’rya | 54 | 58 | 75 | 68 | 54 | 7 | 5 | 5 |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Tashkent | 28 | 31 | 31 | 31 | 31 | 9 | 4 | 8 |
| Fergana | 22 | 27 | 30 | 27 | 30 | 7 | 2 | 7 |
| Xorezm | 33 | 38 | 36 | 35 | 38 | 4 | 2 | 5 |
| Ja’mi | 432 | 527 | 547 | 493 | 489 | 94 | 56 | 83 |

Derek: O’zbekstan Respublikası Awıl h’a’m suw xojalıg’ı ministrligi mag’lıwmatları tiykarında tayarlang’an.

analiz na’tiyjeleri infrastruktura shaqapshaları fermer xojalıqlarının’ sanı, qa’niygeleskenligi, olardın’ talapları yaki aymaqlardın’ u’lken-kishiligine qarap emes, ba’lkim Ministrler Kabinetinin’ qararında belgilengen mug’darınan kelip shıg’ıp sho’lkemlestirilip atırg’anlıg’ı olardın’ monopol h’alatı, ko’pshilik aymaqlarda awıl xojalıg’ı tovar o’ndiriwshilerinen aralıq jag’ınan uzaqta jaylasqanlıg’ı, sanaat h’a’m awıl xojalıg’ı o’nimleri bah’aları ortasındag’ı disparitet agroservis infrastruktura subektlerinin’ rawajlanıwına unamsız ta’sir ko’rsetpekte. Bunnan tısqarı, paxta h’a’m g’a’lleshilikke qa’niygelespegen fermer xojalıqlar salmag’ı 15 protsentke shekem qurag’an h’alda usı xojalıqlardın’ finanslıq ah’walın jaqsılaw, texnika h’a’m agrotexnikalıq xızmet ko’rsetiw, materiallıq-texnikalıq ta’miynatı, o’nimdi satıwg’a ja’rdem beriw h’a’m basqa tarawlar boyınsha infrastruktura shaqashalarının’ xızmeti na’tiyjeli jolg’a qoyılg’anı joq.

Bizin’ pikirimizshe, infrastruktura subektleri shaqapshaları ma’lim bir aymaqtag’ı fermer xojalıqlarının’ sanı, olardın’ qa’niygeleskenlik da’rejesi, qaysı tu’rdegi xızmet ko’rsetiw subektlerine mu’ta’j barlıg’ı, sonday-aq, sol aymaqtag’ı diyxan xojalıqları h’a’m basqa tu’rdegi kishi ja’ne de jeke isbilermenlik subektlerinin’ talapları inabatqa alınıp sho’lkemlestiriliwi awıl

aymaqlarında tovar o’nimi o’ndiriwdi keskin ko’beyiwi h’a’m xalıq da’ramatının’ asıwına unamlı ta’sir ko’rsetedi.

Son’g’ı jıllarda, a’sirese, Fergana, Xorezm, Surxanda’rya, Tashkent h’a’m Jizzax wa’layatı fermer xojalıqlarının’ paxta, basaqlı da’n, miywe-palız, baq h’a’m jizimbaqlar tu’rli zıyankesler u’lken qa’wip tuwdırmaqta. izertlew protsessinde respublikamız boyınsha 2010 jılda fermer xojalıqlarının’ paxta h’a’m basaqlı da’n eginlerinde tu’rli kesellikler h’a’m zıyankeslerge agroximiyaservis shaqapshası arqalı ximiyalıq gu’resiw ilajları o’z mu’ddetinde alıp barılg’anda alınıwı mu’mkin bolg’an na’tiyje mug’darı esaplanadı.

O’tken jıllar ishinde paxta o’nimdarlıg’ının’ keskin pa’seyiwi bazı bir obektiv h’a’m subektiv faktorlar (almaslap egiw sistemasının’ buzılıwı, mineral h’a’m organikalıq asıwına unamsız ta’sir etetug’ın tiykarg’ı h faktordın’ ju’zege keliwi orınlarda o’simlikler keselligi h’a’m zıyankeslerinin’ ko’beyiwine ja’ne de olarg’a ximiyalıq h’a’m biologiyalıq gu’resiw ilajların jeterli da’rejede alıp barılıwın talap etedi. Sonın’ ushın ximiyalıq h’a’m biologiyalıq gu’res texnologiyalıq protsesslerdi o’z waqtında qılınbawı esabına o’nimdarlıqtan jog’altıw u’lesi 3,4 ts/ga quraydı.

Respublikamızda 2000 jıldan baslap fermer xojalıqlarında da’slepki (baslang’ısh) kapitaldı qa’liplestiriw maqsetinde eski «Biznes fond» (h’a’zirde «Tadbirkor bank» iyeliginde), Diyxan h’a’m fermer xojalıqların qollap-quwatlaw fondı, ba’ntlik esabınan olar ma’mleket diziminen o’tkizilgennen baslap 6 aydan son’ Oraylıq bank qayta finanslastırıw stavkasının’ 6/1 bo’legi mug’darında jen’illikli protsent stavkası boyınsha, 3 jılg’a shekem bolg’an mu’ddette uzayttırıw h’uqıqısız en’ kem aylıq is h’aqının’ 300 barabarı mug’darına shekem, protsentler to’lewdi 12 ayg’a keshiktiriw h’a’m tiykarg’ı

qarızdı kredit alıng'annan keyin 18-24 ay o'tkennen keyin qaytarıwdı baslaw sha'rtlerinde kreditler beriliwi ko'zde tutıldı.

2000-2010 jıllarda byudjetten tısqarı fondlar esabınan fermer xojalıqlarına baslang'ısh kapital sıpatında ajıratılg'an kreditlerdin' analizi na'tiyjelerine ko're, usı jıllarda respublikamızda 60 mın'nan artıq fermer xojalıqları sho'lkemlestirilgen bolsa, onın' 5,1 protsenti baslang'ısh kapital sıpatında jen'illikli kredit alıwg'a erisken (2.2.2.-tablitsa). Baslang'ısh kapital sıpatında kredit ajıratılıwında «Biznes fond» ta'repinen 2753 fermer xojalıg'ına (kredit alg'an ja'mi fermer xojalıqlarının' 89,7 protsenti) 3106,7 mln. swm (ja'mi kredit summasının' 91,1 protsenti) yaki bir fermer xojalıg'ına ortasha 1,2 mln. swm ajıratılg'an h'alda Diyxan h'a'm fermer xojalıqların qollap-quwatlaw fondı esabınan qa`n` fermer xojalıg'ına (10,3 protsent) ja'mi 305,08 mln. swm (8,9 protsent) yaki ortasha 971,6 mın' swm ajıratılg'an.

Fermer xojalıqların kredit resursları menen ta'miyn etiwde Respublika Diyxan h'a'm fermer xojalıqların qollap-

2.2.2.-tablitsa

Fermer xojalıqlarına byudjetten tısqarı fondlar esabınan baslang'ısh kapital tu'rinde ajıratılg'an kreditler mug'darı

(2000-2010 jıllar boyınsha, mln swmda)

| Territoriyalar | Baslang'ısh kapital formasında ajıratılg'an kreditler, sonnan | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Kommertsiya-lıq bankler esabınan | | Fermer xoja-lıqların qollap-quwatlaw fondı esabınan | | Fermer xojalıqlarına ajıratılg'an kreditler, ja'mi | | |
| | sanı | sum-ması | sanı | sum-ması | sanı | sum-ması | a` fermer xojalıg'ına |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Qaraqalpaqstan Respublikası | 165 | 152,74 | 33 | 36 | 198 | 188,74 | 0,953 |
| Andijan | 75 | 96,71 | 36 | 26,8 | 111 | 123,51 | 1,112 |
| Buxara | 223 | 207,34 | 14 | 11,4 | 237 | 218,74 | 0,922 |
| Jizzax | 199 | 240,19 | 16 | 14,5 | 215 | 254,69 | 1,184 |
| Qashqada'rya | 188 | 189,6 | 17 | 18,2 | 205 | 207,8 | 1,013 |
| Nawayı | 257 | 286,55 | 22 | 19,2 | 279 | 305,75 | 1,96 |
| Namangan | 158 | 151,78 | 45 | 37,19 | 203 | 188,97 | 0,931 |
| Samarqand | 238 | 262,39 | 19 | 15,5 | 257 | 277,89 | 1,081 |
| Surxanda'rya | 254 | 509,04 | 9 | 19,1 | 263 | 528,14 | 2,008 |
| Sırda'rya | 228 | 266,17 | 26 | 31,8 | 254 | 297,97 | 1,173 |
| Tashkent | 219 | 237,78 | 12 | 11,14 | 231 | 248,92 | 1,077 |
| Fergana | 324 | 272,37 | 24 | 20,9 | 348 | 293,27 | 0,842 |
| Xorezm | 225 | 234,04 | 41 | 43,35 | 266 | 277,39 | 1,042 |
| Ja'mi | 2753 | 3106,7 | 314 | 305,08 | 3067 | 3411,8 | 1,112 |

Derek: O'zR Awıl h'a'm suw xojalıg'ı ministrligi mag'lıwmatları tiykarında tayarlang'an.

quwatlaw fondı u'lken rol oynawı za'ru'r. Biraq, bul fondtın' fermer xojalıqların kredit penen ta'miyn etiwdegi roli sezilerli emes. Fermer xojalıqlarına Diyxan h'a'm fermer xojalıqların qollap-quwatlaw fondı ta'repinen pa's mug'darda kredit qarjıları ajıratılıwının' tiykarg'ı sebebi fondtın' qarjıların (respublikamız boyınsha diyxan xojalıqları ta'repinen to'lenetug'ın ja'mi jer salıg'ının' o` protsenti, fermer xojalıqları ta'repinen to'lenetug'ın birden- bir jer salıg'ının' 25 protsenti toplanıp, fondtın' bir jıllıq qarjısın quraydı) a'meldegi ta'rtiplerge muwapıq qa'liplespey atırg'anlıg'ı menen ta'riyplenedi. Tastıyıqlang'an ta'rtipke tiykarlanıp fondtın' qarjıların qa'liplestiriw rejesine qarsı ra'wishte jıl dawamında belgilengen salıqlardan ajıratılatug'ın tu'simnin' o'z waqtında tu'spesligi yaki kem mug'darda ajıratılıwı fond xızmetine unamsız ta'sir

ko’rsetse, orınlarda fermer xojalıqların fondqa salıstırmalı isenimsizliktin’ tuwılıwına sebep bolmaqta.

Fond ta’repinen ajıratılatug’ın jen’illikli, pa’s protsentli kreditlerge fermer xojalıqlarının’ talabı joqarı bolıp, fondtın’ imkaniyatı usı talaplardı qaldırıwg’a qu’direti joq. Fond qarjılarının’ mug’darı barg’an sayın o’sip baratırg’an fermer xojalıqları sanına salıstırmalı ju’da’ pa’s mug’darın quraydı.

Fond ta’repinen fermer xojalıqlarına ajıratılıp atırg’an jen’illikli kreditler sharwa malların satıp alıw (46,8 %), baslang’ısh kapital (18,5 %) h’a’m awıl xojalıg’ı texnika qurallarын satıp alıwg’a (16,3 %), diyxanshılıq tarmag’ın rawajlandırıwg’a 84,8 mln. swm (5,0 %) h’a’m awıl xojalıg’ı o’nimlerin qayta islew tarawına 134,5 mln. swm (8,0 %) bag’darlang’an (2.2.3-tablitsa).

Bizin’ pikirimizshe, en’ aldın-ala, birinshiden, fond kredit ajıratıw rejesin respublikamız aymaqları boyınsha fermer xojalıqlarının’ sanı, maydanı, qa’niygeleskenlik da’rejesi h’a’m basqa h’alatlardı analiz qılmastan, bir qıylı mug’darda kredit ajıratıw rejesi ornına, respublika Awıl h’a’m suw xojalıg’ı ministrligi ja’ne de Respublika Fermer xojalıqları birlespesi menen birge islesiwde fermer xojalıqların 2008-2010 jıllarda rawajlandırıw

2.2.3-tablitsa

Fermer xojalıqların qollap-quwatlaw Fondı ta'repinen ajıratılg'an kreditler bag'darları

(1998-2010 jıllar boyınsha, mln. swm esabında)

| Territoriyalar | Ja'mi ajıratılg'an kreditler | Sonnan: | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Diyxanshılıq tarmag'ı ushın | Sharwashılıq tarmag'ı ushın | Qus tarmag'ı ushın | Awıl xojalıg'ı texnikası satıp alıw ushın | Awıl xojalıg'ı o'nimin qayta islew ushın | Baslang'ısh kapital ushın |
| Qaraqalpaqstan Respublikası | 102,2 | 1,0 | 15,2 | - | 32,5 | 16,5 | 37,0 |
| Andijan | 101,5 | 6,0 | 63,5 | - | - | - | 32,0 |
| Buxara | 200,8 | - | 133,0 | - | 53,9 | - | 13,9 |
| Jizzax | 85,9 | - | 48,3 | - | 22,8 | - | 14,7 |
| Qashqada'rya | 74,8 | 9,0 | 36,1 | - | 10,0 | - | 19,7 |
| Nawayı | 105,4 | - | 64,3 | 7,0 | 5,0 | - | 19,1 |
| Namangan | 142,2 | 1,5 | 74,6 | - | 11,1 | 14,0 | 41,0 |
| Samarqand | 290,6 | 32,8 | 93,6 | 74,0 | 6,0 | 68,0 | 16,2 |
| Surxanda'rya | 82,9 | - | 33,5 | - | 17,0 | 9,0 | 23,4 |
| Sırda'rya | 106,4 | - | 31,6 | - | 33,4 | 20,0 | 21,4 |
| Tashkent | 154,9 | 34,6 | 80,9 | - | 28,0 | - | 11,4 |
| Fergana | 107,1 | - | 78,6 | - | 1,8 | - | 26,7 |
| Xorezm | 131,6 | - | 35,4 | - | 53,5 | 7,0 | 35,7 |
| Ja'mi | 1686,3 | 84,8 | 788,6 | 81,0 | 275,0 | 134,5 | 312,3 |
| Protsent esabında | 100,0 | 5,0 | 46,8 | 4,8 | 16,3 | 8,0 | 18,5 |

Derek: O'zR Awıl h'a'm suw xojalıg'ı ministrligi mag'lıwmatları tiykarında tayarlang'an.

kontseptsiyasına muwapıq olardın’ materiallıq-texnikalıq ta’miynatı, tiykarg’ı qurallar h’a’m aylanba qarjılarg’a bolg’an talapların u’yreniw boyınsha monitoring o’tkiziwi h’a’m usı tiykarda kreditler ajıratıw portfelin (rejesi) islep shıg’ıwı h’a’m Respublika fermer xojalıqları birlespesinin’ wa’layat h’a’m rayon wa’killikleri menen birgelikte fermer xojalıqlarının’ materiallıq-texnika ta’miynatın bekkemlew yaki olarg’a aldag’ı texnologiyalardı satıp alıwg’a jaqınnan ja’rdem beriwi kerek.

Awıl aymaqlarında mini banklerdi sho’lkemlestiriw fermer xojalıqların birinshi ku’nnen na’tiyjeli xızmet ko’rsetiwde u’lken rol oynaydı. Respublikamız boyınsha 2009 jıldan baslap  ba’rshe fermer xojalıqlarına ma’mleket mu’ta’ji ushın jetistirilip atırg’an paxta h’a’m basaqlı da’n ushın ayma-ay jen’illikli kreditler beriliwi, sonday-aq, o’ndiris protsessinde h’a’r tu’rli sho’lkem h’a’m ka’rxanalar menen ekonomikalıq mu’na’sibetlerdin’ ornatılıwı h’a’r bir fermer xojalıg’ı basshısın mini bankler menen h’a’r qashan baylanısta bolıp turıwın talap etedi. Mini banklerdi awıl aymaqlarında ashılıwı, en’ n’ldın-ala, bank xızmetkerleri ta’repinen jen’illikli kreditlerdi maqsetli isletiliwi boyınsha monitoring o’tkiziliwin jen’illestirse, fermerlerdi qısqa mu’ddette bank operatsiyaların a’melge asırılıwlarına qolaylıq tuwdıradı. Sonın’ ushın respublika ko’leminde h’a’r bir kommertsiyalıq banki tarqatılıp atırg’an shirket xojalıqları aymag’ında tan’law tiykarında mini banklerdi sho’lkemlestiriw na’tiyjesinde o’z klientleri h’a’m da’ramatın asırıwdan ma’pdar bolıwı za’ru’r.

Respublikamızda monopol ta’miynatshı sho’lkemler ta’repinen fermer xojalıqlarına materiallıq-texnika resursların sha’rtnamalarda belgilengen mug’darda jetkizip bermeslik, ayırım xojalıqlarg’a bolsa ajıratılg’anınan da artıqsha beriw sıyaqlı h’alatlar ju’z bermekte.

## Tema: Kishi biznes sub`ektlerinde finans qarjıların basqarıwdı sho`lkemlestiriw jolları

I. Sabaqtın’ maqseti:

Ekonomikaliq reformalardi teren`lestiriw da`wirinde ha`zirgi bazar ekonomikası sharayatında kishi biznes sub`ektlerinde finanslıq resurslardı basqarıwdı sho`lkemlestiriwdi ha`m olardın` na`tiyjeliligin asırıwdın` tu`rlerin jaratıw ha`mde finanslıq rusurslardı qadag`alawdı sho`lkemlestiriwden ibarat.

II. Sabaqta tu’sindiriliwi tiyis bolg’an tiykarg’ı atama ha’m tu’sinikler:

- Bazar ekonomikası sha`rayatında kishi biznes sub`ektlerinde finanslıq qarjılardı basqarıwdı sho`lkemlestiriw tiykarları ;
- Kishi biznes sub`ektlerinin` finanslıq qarjılarının` sho`lkemlestiriwshi- ekonomikalıq ko`rsetkishi ha`m olardın` analizi;
- Kishi biznes sub`ektlerinde finanslıq qarjılardı basqarıwdın` sho`lkemlestiriwshilik du`zilisi ;

III. Sabaq ushın za’ru’r buyımlar ha’m mag’lıwmat derekleri:

- 9 – klass sabaqlıg’ı

IV. Sabaqtın’ basqıshları ha’m waqıttın’ bo’listiriliwi:

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Sho’lkemlestiriw bo’limi | 2 minut |
| 2 | Jan’a temanı baslawg’a tayarlıq | 5 minut |
| 3 | Jan’a temanı tu’sindiriw:<br>a) pikir alısıw<br>b) o’z betinshe jumıs;<br>d) analizlew;<br>e) juwmaq | 27 minut<br>5 minut<br>10 minut<br>7 minut<br>5 minut |
| 4 | Jan’a temanı bekkemlew | 5 minut |
| 5 | Sabaqtı juwmaqlaw | 3 minut |
| 6 | U’yge tapsırma | 3 minut |

V. Sabaqtın' basqıshları:

1. Sho'lkemlestiriw bo'limi

Sa'lemlesedi. U'yge tapsırma tekseriledi.

2. Jan'a temanı baslawg'a tayarlıq

Sabaq bazar ekonomikası sha`rayatında kishi biznes sub`ektlerinde finanslıq qarjılardı basqarıwdı sho`lkemlestiriw tiykarlarına sıpatlama beriw menen baslanadı.

Respublikamızda kishi biznesti rawajlandırıw boyınsha g`arezsizlikke eriskennen baslap ko`p ilajlar alıp barılmaqta. Onı qollap-quwatlaw ha`m nızamlı qorg`aw boyınsha bir neshe normativ hu`jjetler, nızamlar Prezident pa`rmanları, Ministrler Kabinetinin` qararları qabıl etildi.

Kreditlestiriw siyasatı aytarlıqtay o`zgertilgen, bul protsess an`satlastırıldı, mu`ddeti 30 aydan u`sh jılg`a sozıldı, sırt el valyutasına kreditlestiriwge ruxsat etildi, qaytarılıwı milliy valyutada a`melge asırılıwı mu`mkin x.t.b.

3. Jan'a temanı tu'sindiriw.

Ha`r bir ma`mlekette, sonın` ishinde O`zbekstan Respublikasında ekonomikanı ko`teriwde ha`m islep shıg`arıw ka`rxanaların rawajlandırıwda finanslıq qarjıları a`hmiyeti ayrıqsha bolıp rol` atqaradı.

Solay eken, bazar ekonomikası sha`rayatında kishi biznes sub`ektlerinin` aktivligi qanday jag`dayda bolıwı ha`m rawajlanıwı o`zine baylanıslı, yag`nıy ha`r bir ka`rxana qanday o`nim islep shıg`arıw, qanday bahalarda satıwdı ha`mde kimge satıwdı o`zi sheshedi. Ha`zirgi zaman a`meliyatı sonı ko`rsetedi, kishi biznes sub`ektlerinin` rawajlanıp barıwı ka`rxananın` finanslıq jumısına jeterli da`rejede itibar qaratıwdı talap etpekte, sebebi ka`rxananın` jumıs ko`rsetkishi payda alıwı za`ru`r. Ka`rxana o`z qa`rejetlerin materiallıq-ruwxıy resurslarg`a iye bolıwı ushın ha`zirgi bazar ekonomikası sharayatında jan`a dereklerdi izlep tapqan jag`dayda bar resurslardı ekonomikalıq na`tiyjeli tarawlarg`a bag`darlawı za`ru`r. Bunnan tısqarı ruwxıy resurslardı sho`lkemlestiriw dereklerin na`tiyjeli paydalanıwı tiyis. Bul aytıp o`tilgen pikirlerdin` ba`rshesi kishi biznes

sub`ektlerinde finanslıq qarjıların basqarıwdı sho`lkemlestiriw tiykarların u`yreniwdin` aktuallıg`ın ta`riypleydi.

Ka`rxanalar finanslıq qatnasıqları quramına qayta islep shıg`arıw qatnasıwshıları ortasında ju`zege keletug`ın pul qatnasıqların atap o`tın`?

1. Ka`rxanalar dizimindegi tu`rli mu`lk tu`rlerine tiykarlang`an islep shıg`arıwdı payda etiw ha`m basqarıw tu`rleri ortasında tu`rli pul fondları ha`m da`ramadlardın` payda bolıwı, bo`listiriliwi ha`m isleniwi ju`zesinen qatnasıqlar: ka`rxanalar islep shıg`arıw fondlarının` oborot aylanıwın ta`miyinlew ha`m qayta islep shıg`arıwdag`ı qatnasıqlar; ka`rxana ha`m onın` xızmetkerleri ortasındag`ı miynetke haqı to`lew fondının` tu`rleniwi, premiya ha`m xoshametlew fondların payda etiw, jumsaw protsessindegi qatnasıqlar ha`mde ken`eyittirilgen qayta islep shıg`arıw qa`rejetlerin finans penen ta`miyinlew ushın qımbat bahalı qag`azlar shıg`arıw menen baylanıslı operatsiyalar.

2. Ka`rxanalar ha`m olardın` tu`rli birlespeleri ortasındag`ı qatnasıqlar; oraylasqan pul fondlarının` payda bolıwı ha`m jumsalıwı protsessindegi pul qatnasıqları; kapital qoyılmalar, kapital remonttı qarjı menen ta`miyinlew paydanın` qayta bo`listiriliwi ha`m basqa finanslıq resurslardın` tu`rleniwi ha`m jumsalıwı menen baylanıslı.

3. Ka`rxanalar ha`m ma`mleket ortasındag`ı qatnasıqlar:

- ma`mleket ha`m tiyisli mekemeler ta`repinen finanslıq ma`selelerdi ta`rtipke salıw;

- ma`mleket byudjetine to`lemler ha`m salıqlardı, qamsızlandırıw to`lemlerin to`lewdegi;

- kapital qoyılmalardı finans penen ta`miyinlew, innovatsiya aktivlikti qoshametlew;

- ka`rxanag`a ma`mleket a`hmiytindegi jeke reje boyınsha nızamda ko`rsetilgen maqsetlerge dotatsiya (yaki subsidiya) beriwdegi ha`m basqalar.

4. Ka`rxanalar ha`m sawda bankleri ortasındıg`ı qatnasıqlar:

5. Ka`rxana ha`m ka`siplik awqamları ortasındag`ı qatnasıqlar: sotsiallıq qamsızlandırıw qarjılar ajıratıw protsessindegi; ka`rxana ta`repinen jollanbalar

satıp alıw protsessindegi qatnasıqlar. Bunı jeke aytıp o`tiw kerek, bazar qatnasıqları rawajlanıp barıwı menen, ka`rxanalar finans qatnasıqlarının` quramı ha`m ja`ne de o`zgerip baradı.

Sonın` ushın ka`rxanalar rawajlanıwı protsessinde onın` finanslıq aktivligi quramlı bo`limdegi o`zgerislerdi ta`biyiy bir tu`r sıpatında qaraw kerek. Ka`rxanalar rawajlanıwı ha`m finans qatnasıqlarının` tu`rleniwi o`z-ara baylanıslı mashqalalardan esaplanadı.

Ekonomikanın` tu`rli mu`lk ha`m xojalıq ju`ritiw tu`rlerinen ken` paydalanıwg`a o`tiwi, menshik isbilermenlik ha`m kishi biznestin` rawajlanıwı menen finans qatnasıqları ha`m bazar talapları tiykarında rawajlanıwı ushın a`hmiyetli tu`rtki boldı. Sonın` menen birge finans qatnasıqları kishi biznes rawajlanıwın xoshametlewdin` a`hmiyetli richaglarına iye bolıp esaplanadı. Bul na`rse bolsa, sonın` menen baylanıslı ka`rxanalar dizimi ishinde jetilisken bo`listiriw diziminin` jaratılıwı na`tiyjesinde oraylasqan ha`m rezerv fondlarının` payda bolıwı arqalı ken`eyttirilgen qayta islep shıg`arıw imkaniyatlarının` ja`nede bekkemleniwine erisiwi ha`mde tu`rli salıq jen`illiklerinin` qollanılıwı maqsetinde ka`rxanalar kelesi rawajlanıw ushın qolay ekonomikalıq sharayatlar jaratıladı.

Ha`zirgi waqıtta kishi biznesti rawajlandırıw Respublikada duziliwdin en` bir tiykarg`ı bag`darı boldı. Kishi biznesti rawajlandırıw ekonomikalıq potentsialdı jaqsı paydalanıwg`a mu`mkinshilik beretug`ının biykarlawg`a bolmaydı.

Kandayda bir jag`dayda xojalıq strukturaların byurokratizatsiya ha`m qatıp qalıwdan saqlaydı, tez o`zgeriwshi sırtqı ha`m ishki jag`daylarg`a olardın` iykemligi ha`m qolaylasıwın joqarılatadı.

Joqarıdag`ı maksetlerge erisiw ushın jan`a kishi ha`m orta ka`rxanalardı qurıwg`a, xoshametlewge bag`darlang`an, ha`rekettegilerdin` na`tiyjeliligin ko`teriw, o`ndirislik ha`reket tu`rlerin ken`eytiw ta`repine ha`m qolaylı isbilermenlik qatlamın yamasa klimatın qurıwda strukturalıq qurılıwdı a`melge asırıwda usıllar kompleksin a`melge asırıw kerek:

- kishi ha`m orta isbilermenlikti kollap-kuwatlawda finans-kreditlik sistemanı jetilistiriw, kreditlik resurslar ha`m investitsiyalardan paydalanıwdı ken`eytiw;

- kishi ha`m orta biznes ka`rxanaların qurıw ha`m ha`reketinin` normativlik huquqlıq bazasın jetilistiriw;

- kotere sauda sistemasın rawajlandırıw, kishi ha`m orta isbilermenlik sub`ektlerinin` shiyki zatlarg`a, u`skenelerge, texnologiyalarg`a , awısıq bo`leklerge mu`mkinshiligin ken`eytiw;

- kishi ha`m orta biznes ka`rxanaların qurıw ha`m olar ushın kadrlardı tayarlaw, kayta tayarlaw ha`m ta`jiriybesin ko`teriw sistemasın rawajlandırıw;

- olardın` ha`reketinin` uchetı ha`m analiz ko`rsetkishler sistemasın jetilistiriw.

Kishi ha`m orta biznes ka`rxanalarına xızmet ko`rsetiwdi jetilistiriw ushın birja ta`repinen usınılatug`ın xızmetlerin differentsiyalaw ha`m diversifikatsiyalaw menen birja ha`reketlerin jetilistiriw za`rur, birjalıq ha`m yarmarkalıq sawdanın` nızamlıq ha`m normativlik huquqıy bazasın jetilistiriw.

Respublikamız ekonomikasındag`ı reformalardı a`melge asırıwdag`ı baslı rollerdin` biri kishi ha`m orta biznesti rawajlandırıw atqaradı ha`m bunın` na`tiyjesinde menshik iyeleri klassı du`ziledi. Olar o`z-o`zinen ilimiy texnikalıq progressti tezletiwge jan`a texnologiyalardı a`melge asırıwg`a tezirek alıp keledi.

Son`g`ı jılları respublikamızdın` ekonomikasın rawajlandırıwda baslı bag`dar etip, kishi ha`m orta biznestin` rolin arttırıw ha`m onın` ushın barlık mu`mkinshiliklerdi jaratıp beriw ilajların a`melge asırıw wazıypaları qolg`a alınbaqta.

Bul sub`ektlerdin` ha`reketin analizlew na`tiyjesinde to`mendegidey juwmaqqa kelemiz:

- awıl xojalıg`ı, sawda ha`m ja`miyetlik awqatlanıw tarawlarında mikrofirmalar qurılısta, kishi ha`m orta ka`rxanalar sanaatta tek orta ka`rxanalardın` xojalıq xızmetleri na`tiyjeli bolıp esaplanadı;

- eksporttın` en` jokarı o`siw pa`tleri respublikamızda mikrofirmalar ha`m kishi ka`rxanalarda baqlanbaqta;

- lizingti rawajlandırıw tiykarında zamanago`y texnika ha`m texnologiyalar bazasın du`ziw arqalı ka`rxanalardı qayta qurallandırıw, kishi ha`m orta biznesti finanslastırıwda banklerdin` qatnasın ken`eytiw; sebebi lizinglik kompaniyalardı sho`lkemlestiriwde baslang`ısh kapital jetispeydi ha`m lizinglik xızmetler haqqında informatsiyalıq ta`miynlew boyınsha infrastrukturalar du`ziw za`rur.

Respublikamızda kishi biznesti rawajlandırıw boyınsha g`arezsizlikke eriskennen baslap ko`p ilajlar alıp barılmaqta. Onı qollap-quwatlaw ha`m nızamlı qorg`aw boyınsha bir neshe normativ hu`jjetler, nızamlar Prezident pa`rmanları, Ministrler Kabinetinin` qararları qabıl etildi.

İsbilermenlik proektinin` ekonomikalıq-texnikalıq tiykarı qanday ta`rtipte a`melge asırıladı?

1. ka`rxana keleshegi haqqında da`slepki mag`lıwmatlar jıynaladı ha`m bul mag`lıwmatlarg`a islep beriledi;

2. isbilermenlik ideyasın a`melge asırıwdag`ı qa`rejet esaplanadı. Bug`an isbilermenlerdi yaki ka`rxanalardı dizimnen o`tkeriwge, o`ndiris bazasın du`ziwge, o`nimdi islep shıg`arıwg`a ha`m onı satıwg`a ketetug`ın qa`rejetlerge bag`darlang`an pul quralları kiredi.

Kishi ha`m orta biznestin` isbilermenlik sistemaların dizimnen o`tkeriw hu`jjetleri du`ziwshi hu`jjetler kompleksin tayarlaw, yuridikalıq yamasa fizikalıq shaxs huqıqlarına iye bolıw, dizimnen o`tiw, ma`mleketlik bajını to`lew, esap-betin ashıw, mo`r ha`m shtamp, blankalar tayarlaw, ustav kapitalın ju`zege keltiriw menen baylanıslı.

O`ndiris bazasın du`ziwge bag`darlang`an ustav qarjısı to`mendegi bag`darlarda esapqa alınadı: proektten aldın`g`ı izleniwler; proektlestiriw, imarat qurılısları yaki ijarag`a beriw; a`spab ha`m u`skeneler; orgtexnika; mebel` ha`m inventorlarg`a ketken qa`rejetler.

O`nimnin` o`zine tu`ser bahasın qa`liplestiriwshi ha`m basqarıwshı qa`rejetler o`z ishine to`mendegilerdi aladı: u`skenelerdin` amortizatsiyası, imarat ha`m qurılmalardı saqlaw; olardan paydalanıw; elektr energiyası; janılg`ıg`a qa`rejetler.

O`nimdi satıw boyınsha qa`rejetler, oraw, tara, transporta tasıw, skladta saqlaw, reklamanı esapqa alg`an halda belgilenedi.

3. Shıg`arılıp atırg`an o`nim ushın rejelestirilgen bahalar belgilenedi. Olardın` da`rejesi talap ha`m usınısta esapqa alıp belgilenedi. biraq baha xojalıq qa`rejetleri qaplawı ha`m da`ramattın` jeterli da`rejede ta`miynleniwi kerek.

4. Ku`tilgen da`ramat o`nim islep shıg`arıw jıllıq bag`darlaması ha`m bir danasın esapqa alg`an halda esap-kitaplar islenedi.

5. Kiristen tayanatug`ın ma`jbu`riy to`lemler ha`m tu`simnin` shama summası esap-kitap qılınadı.

6. Ku`tilgen balans da`ramatı anıqlanadı.

7. Salıqlar, to`lemler ha`m jıyımlardın` ulıwma summası anıqlanadı.

8. İsbilermenlik proektin a`melge asırıwdan kelgen sap da`ramat esap-kitap qılınadı.

9. Sap paydanı esapqa alg`an halda proekt analizlenedi. Eger esap boyınsha payda alınbasa ha`m onın` ko`lemi normadan kem bolsa isbilermenlik proektin a`melge asırıw maqsetke muwapıq bolmaydı, bunda isbilermenlik ideyasının` jan`a kontseptsiyasın islep shıg`ıw ha`m onın` ekonomikalıq-texnikalıq tiykarlanıwın o`tkeriw kerek.

Bazar ekonomikası jag`dayında kishi ha`m orta biznestin` rawajlanıwı rezervlerdi anıqlawdı talap etedi. Sebebi olar isbilermenliktin` rawajlanıw bag`darların anıqlawg`a xızmet etedi.

Oqıwshılardın’ juwapları tın’lanadı ha’m analizlenedi.

4. Jan’a temanı bekkemlew.

Kishi biznes sub`ektlerinde finanslıq qarjılardı basqarıwdın` sho`lkemlestiriwshilik du`zilisi qanday? Usı sorawdan temanı bekkemlewde paydalanıw maqsetke muwapıq. Toparlarg’a 2 minuttan waqıt beriledi ha’m pikirleri tın’lanadı.

5. Sabaqtı juwmaqlaw ha’m bahalaw.

Aktiv qatnasqan oqıwshılar bahalanadı ha’m jurnalg’a ra’smiylestiriledi.

6. U’yge tapsırma.

1. O’tilgen temanı u’yreniw ha’m qaytalaw.

2. Temada keltirilgen kesteni ha’r ta’repleme u’yreniw ha’m tu’sinikke iye bolıw.

## Juwmaqlaw

Rawajlang`an ellerde ekonomikanı rawajlandırıwdın` en` tiykarg`ı orta ha`m kishi biznesti rawajlandırıw arqalı a`melge asırılmaqta. Bul tiykarınan adamlarda jumıs penen ta`miynlew ha`m ko`birek daramat alıw menen birge bul xojalıqlarda o`z qa`niygelesiwin tez o`zgertiw uqıbına da iye.

Demek, respublikamızdın` ekonomikalıq en` tiykarg`ı tarawı awıl xojalıg`ın rawajlandırıwda fermerlik ha`reketinin` en jaydırılıwı ha`m olarg`a jaratılg`an jag`daylar na`tiyjede bul tarawda jetiskenliklerge erisiw da`wirleri baslandı desek qa`telespeymiz. Sebebi, 2006 jılı ma`mleketlik buyırtpa tiykarında jetistirilgen paxtanın` 35,2 protsentin, g`a`llenin` 60,7 % fermerlerimiz jetistirip g`a`rezsizlikke erisilgennen keyin O`zbekstan Respublikasında birinshi bolıp 212600 tonnadan aslam paxta, 201,0 mın` tonnadan aslam g`a`lle jetistirip, sonnan 65,0 mın` tonnadan ko`biregin ma`mleketke satıwg`a eristi.

Demek, bul jetiskenliklerdi anıq, tuwrı sa`wlelendiriw esap-kitap xızmetkerlerinin` de o`zlerine jarasa u`lken xızmetleri bar ha`m olardın` da o`z aldına u`lken juwapkershilikli wazıypalardı ju`kleydi.

Bizin` ilimiy jumıstın` na`tiyjeleri boyınsha fermer xojalıqların rawajlandırıw ha`m olardag`ı esap-kitap jumısların jetilistiriw ushın to`mendegi ayırım usınıslardı qollaw ha`m qadag`alaw kerek dep oylayman.

- Agrar sektordı bunnan bılayda rawajlandırıwg`a, ekonomikalıq g`a`rezsizlikke erisiwde fermer xojalıqlarına elede ekonomikalıq erkinlikler beriw ha`m joqarıdan buyrıqlar ko`rsetpeler beriwdi ha`m jergilikli ha`kimiyatlardın` aralasıwın toqtatıw~
- fermerlerdin` bilim ha`m ta`jriybelerin jetilistiriwdi ja`ne de ku`sheyttiriw, sebebi, ko`pshilik fermerlerdin` ta`jriybesinin` kemligi ha`m o`z xuqıqların bilmewi u`lken zıyan tiydirip atır. Bunın` ushın tu`rli kurslar sho`lkemlestirip,

olardın` ekonomikalıq ha`m xuqıqıy sawatlıg`ın ko`teriw, normativ hu`jjetlerdi, buxgalteriya esabı hu`jjetlerin jaqsı bilip alıwın, ha`m de tuwrı sheshim qabıl etiw uqıplılıg`ın ta`miynlew kerek~

- Fermerlerdin` jetistirgen o`nimlerin o`zleri qayta islew ha`m de olardı o`zleri satıw imkaniyatların jaratıp beriw, na`tiyjede bir neshe fermerler qatnasında shet el investitsiyaların alıp keliwge erisiw. Bul o`z na`wbetinde esap-kitap jumısların du`nya standartları da`rejesinde fermerlerge u`yretiwge alıp keledi~

Joqarıdag`ı usınıslar ha`m pikirler esapqa alınsa bizin` regionımızda awıl xojalıg`ın jan`asha ju`rgiziw usılı – fermerlik ja`ne de rawajlanadı. Na`tiyjede sol fermer xojalıqlarda islewshi 62,0 mın`nan aslam islewshilerdin` shan`arag`ı ekonomikası jaqsılanadı ha`m respublikamızdın` gu`llep jasnawı ushın o`z miynetin isley beredi.

Paydalanılg`an a`debiyatlar


1. Karimov İ.A. . Mustaqil Wzbekistonning davlat siosati insanıylik va ezgulik qonunlariga asoslanadi. // Wzbekiston mustaqillikka erishish ostonasida. / İ.A. Karimov. - T.: „Wzbekiston" NMİU, 2011.g.
2. Karimov İ.A. Wzbekiston dunyo xaritasida wziga munosib joy oldi. // Wzbekiston mustaqillikka erishish ostonasida. / İ.A. Karimov. — T.: „Wzbekiston" NMİU, 2011.
3. İ. A. Karimov. «Wzbekiston iqtisodiy isloh'otlarni chukurlashtirish ywlidi» - T. : Wzbekiston», 1995 yil.
4. Karimov İ.A.Rodina svyashena dlya kajdogo.-Toshkent-1996 g.
5. Karimov İ.A. Uzbekistan: natsionalnaya nezavisimost, ekonomika, politika, ideologiya-Toshkent-1996g.
6. Karimov İ.A. Razvitie predprinimatelstva-zalog progressa-narodnoe slova, 1999g. №146
7. Fermer xojalıg'ı tuwrısında O'zbekstan Respublikası Qonuni 1998-jıl 30-aprel

6\. Wzbekiston respubkasining «Qishloq xwjalik kooperativi (shirkat xwjaligi) twg'risida»gi Qonuni. Wzbekiston qishloq xwjaligida isloh'otlarni chuqurlashtirishga oid qonun, h'ukumat qarorlari va meeriy xujjatlar tuplami. T.: Wqituvchi 1998. yil.

7\. Wzbekiston respubkasining «Fermer xwjaligi tug'risida»gi Qonuni. Wzbekiston qishloq xwjaligida isloh'otlarni chuqurlashtirishga oid qonun, h'ukumat qarorlari va meeriy xujjatlar tuplami. T.: Wqituvchi 1998. y

8 N. Sanaev, X. Abdisalamov «Fermer xwjaliklarida ish va h’isob kitob yuritish» «Sharq» T. 2001 yil

9 Qadirov A. Bozor iqtisodietiga wtish sharoitida ijara va ijara munosabatlari asosida xwjalik yuritishning samaradorligini oshirish ywllari. - T.: 1999 yil

10. Rzaev K. Rınochnıe problemı selskoy ekonomiki Karakalpakstana - Nukus: Karakalpakstan, 1993 g.

11. K. Yusupboev. Qoraqalpog’istonning agrar sektorida iqtisodiy isloh’otlarni amalga oshirish xususiyatlari. Toshkent- «Wzbekiston» 2001j.

12. K. Yusupov. Qaraqalpaqstanda fermer xojalıg`ın rawajlandırıwdın` tiykarg`ı bag`darları» 2000 j. O`zbekstan ekonomikalıq axborotnomasi № 2.

13. Nosirov P., Abdullaeva Sh. Bozor iqtisodieti asosi Wzbekiston 1994 y.

14. Usmanov S., Dodabaev Yu., Fermerskoe xozyaystvo. T.1997 y.

15. Xusanov R. Qishloq xwjaligida servis xizmati, muqobil mashina traktor parklarini rivojlantirish muammolari T. 2001 y.

16. H. Nabiev Fermer xwjaliklarining afzalliklari Wzbekiston qishloq xwjaligi jurnali 2002 y.

17. Rzaev K. Analiz i otsenka selskoy ekonomiki Karakalpakstana. Nukus. 1993 g.